

AJARAN MORAL DALAM *SERAT PANUTAN*

Titi Mumfangati
Wahjudi Pantja Sunjata



AJARAN MORAL DALAM SERAT PANUTAN

Oleh :

**Titi Mumfangati
Wahjudi Pantja Sunjata**

AJARAN MORAL DALAM SERAT PANUTAN

© BPNB D.I. Yogyakarta

Penulis:

Titi Mumfangati

Wahjudi Pantja Sunjata

Desain sampul : Amara Books Graphic Art

Penata Teks : Amara Books Graphic Art

Diterbitkan pertama kali oleh Balai Pelestarian Nilai Budaya (BPNB)

Daerah Istimewa Yogyakarta

Jl. Brigjen Katamso 139 (Dalem Jayadipuran) Yogyakarta

Telp: (0274) 373241, 379308 Fax : (0274) 381355

ISBN : 978-979-8971-93-8

Hak cipta dilindungi Undang-Undang

Dilarang mengutip atau memperbanyak sebagian atau seluruh isi buku, tanpa izin tertulis dari penulis dan penerbit.

KATA PENGANTAR

Assalamu'alaikum Wr. Wb.

Puji syukur kami panjatkan kepada Tuhan Yang Maha Kuasa karena atas ridho Nya, Balai Pelestarian Nilai Budaya Daerah Istimewa Yogyakarta dapat menerbitkan hasil penelitian tahun 2019. Penerbitan buku ini melibatkan banyak pihak, sejak dari proses penelitian hingga sampai ke tangan pembaca. Oleh karena itu, kami ucapkan terima kasih kepada para penulis, para kontributor yang membantu dalam penelitian, juga pencetakan, hingga buku ini berhasil terbit dan sampai ditangan para pembaca yang budiman.

Buku tentang *Ajaran Moral Dalam Serat Panutan* merupakan karya sastra lama yang dikemas dalam bentuk prosa dan berisi tentang ajaran atau nasehat. Isi ajaran yang terdapat dalam serat ini adalah ajaran untuk selalu menghormati orang tua, hidup rajin, hemat, dan berhati-hati dalam hal bekerja, mencari nafkah, dan memanfaatkan harta yang dimiliki dengan benar, selalu jujur, dan berbuat baik kepada sesama. Ajaran moral dalam *Serat Panutan* disesuaikan dengan kondisi kemajuan jaman sehingga mampu menjadi nilai yang fleksibel dan dapat diterima oleh masyarakat. Nilai-nilai dalam serat ini penting untuk disampaikan kepada masyarakat. Penerbitan buku ini juga menjadi wujud nyata dalam konteks pemajuan kebudayaan.

Akhirnya dengan terbitnya buku ini diharapkan bisa menambah wawasan terutama yang berkaitan dengan nilai-nilai moral. Namun demikian ada pepatah "tiada gading yang tak retak", penerbitan buku inipun jauh dari sempurna. Oleh karena itu masukan, saran guna penyempurnaan buku ini

sangat diharapkan. Terbitnya buku ini semoga bisa memberikan manfaat bagi siapapun yang membacanya.

Selamat membaca.

Wassalamu'alaikum Wr. Wb.

Yogyakarta, Desember 2019
Kepala,



Dwi Ratna Nurhajarini

DAFTAR ISI

KATA PENGANTAR	iii
DAFTAR ISI.....	v
DAFTAR GAMBAR.....	vii
BAB I PENDAHULUAN.....	1
A. Latar Belakang	1
B. Permasalahan	4
C. Manfaat dan Tujuan	4
D. Tinjauan Pustaka.....	5
E. Kerangka Pikir.....	6
F. Ruang lingkup.....	7
G. Metode Penelitian.....	8
BAB II TEKS <i>SERAT PANUTAN</i>	9
A. Deskripsi Teks <i>Serat Panutan</i>	9
B. Teks <i>Serat Panutan</i>	12
BAB III TERJEMAHAN <i>SERAT PANUTAN</i>	59
A. Pengantar Terjemahan.....	59
B. Terjemahan <i>Serat Panutan</i>	60
BAB IV PENDIDIKAN MORAL DALAM <i>SERAT PANUTAN</i> DAN RELEVANSINYA.....	105
A. Pendidikan Moral dalam <i>Serat Panutan</i>	105
1. Ajaran nilai religius/ketakwaan terhadap Tuhan Yang Maha Esa	106
2. Ajaran tentang kepatuhan dan bakti kepada orang tua.....	108

3. Ajaran tentang kegigihan dalam berusaha.....	112
4. Ajaran agar tidak semena-mena.....	115
5. Ajaran tentang kejujuran.....	117
6. Ajaran tidak membalas kejahatan dengan kejahatan.....	119
7. Ajaran rajin menabung.....	121
8. Ajaran suka menolong.....	125
9. Ajaran untuk berhemat.....	128
10. Ajaran cara mendidik anak.....	129
B. Relevansi Ajaran Moral dalam <i>Serat Panutan</i> Pada Masa Sekarang.....	138
BAB V PENUTUP.....	143
A. Kesimpulan.....	143
B. Saran.....	144
DAFTAR PUSTAKA.....	147
GLOSARI.....	151

DAFTAR GAMBAR

Foto 1. Sampul tambahan naskah <i>Serat Panutan</i>	9
Foto 2. Halaman sampul dalam <i>Serat Panutan</i>	10
Foto 3. Halaman judul dalam <i>Serat Panutan</i>	11

BAB I

PENDAHULUAN

A. Latar Belakang

Karya sastra memiliki substansi tentang identitas budaya yang menarik untuk ditelisik. Karya sastra Nusantara merupakan warisan budaya Indonesia yang harus dimanfaatkan untuk mengedukasi terkait pendidikan karakter terutama untuk generasi muda. Hal ini tertuang dalam Peraturan Presiden No. 87 tahun 2017 tentang penguatan pendidikan karakter. Selain itu, pelestarian nilai karya sastra juga menjadi salah satu fokus dalam Undang-undang No. 5 tahun 2017 tentang pemajuan kebudayaan. Undang-undang tersebut memberikan penjelasan bahwa pemajuan kebudayaan merupakan upaya meningkatkan ketahanan budaya dan kontribusi budaya Indonesia di tengah peradaban dunia melalui perlindungan, pengembangan, pemanfaatan, dan pembinaan kebudayaan. Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalian sastra daerah jelas akan besar sekali sumbangannya dalam usaha membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahannya pendidikan pada khususnya (Prawirosudirjo, 1980: 5).

Keberadaan karya sastra Nusantara merupakan warisan budaya bangsa yang mempunyai nilai pengetahuan dan kebudayaan. Di samping itu, juga berisi sejarah dan ilmu pengetahuan sebagai kekayaan nasional yang harus dilestarikan dan diperkenalkan kepada masyarakat. Warisan tersebut menjadi sumber daya strategis pendidikan dan kebudayaan, pembentuk identitas atau jati diri bangsa, nilai-nilai karakter berbasis kearifan lokal, dan kekayaan intelektual bangsa. Ribuan naskah Nusantara dari berbagai etnis dan suku bangsa di Indonesia merefleksikan pengetahuan dan kebudayaan lokal

yang memiliki kandungan nilai luhur dan jati diri bangsa. Oleh karena itu, studi terhadap naskah masa lampau tersebut perlu dilakukan. Nilai-nilai yang terkandung dalam naskah kuno tersebut masih relevan dengan kehidupan masa kini dalam berbagai hal, seperti ajaran/*piwulang*, pengetahuan tentang hukum, kesenian, ilmu kemanusiaan, pengetahuan tentang alam, dan lain sebagainya, termasuk di dalamnya pendidikan karakter, kearifan lokal, moral dan etik.

Karya sastra Jawa sebagai salah satu peninggalan budaya bangsa menjadi cerminan budaya yang hidup pada masa lampau. Karya sastra lama mengemban isi yang sangat kaya, yang ditunjukkan oleh aneka ragam aspek kehidupan yang dikemukakan (Baroroh Baried, 1985: 4). Segala sesuatu yang hidup pada masa lalu dapat direkonstruksi dengan mengungkap isi atau kandungan dalam karya sastra tersebut. Dewasa ini ada kecenderungan untuk kembali pada akar-akar budaya masa lalu dalam mempermudah dan memperlancar pembangunan di segala bidang kehidupan. Dengan menggali akar-akar budaya pada masyarakat tertentu dapat diketahui ciri-ciri atau sifat budayanya sehingga mudah untuk menentukan langkah pembangunan selanjutnya.

Dewasa ini masyarakat Indonesia terutama generasi muda banyak mendapatkan pengaruh budaya asing. Budaya asing tidak semuanya buruk, namun ada unsur-unsur yang berdampak buruk terhadap mental generasi muda Indonesia. Oleh karena itu, perlu adanya tindak pencegahan agar pengaruh buruk itu dapat teratasi. Dengan masuknya budaya asing tersebut ada kecenderungan untuk meninggalkan atau mengabaikan budaya bangsa sendiri. Hal ini berarti semakin tersingkirnya budaya bangsa sendiri yang telah lama diyakini sebagai budaya adiluhung dan mengandung nilai-nilai luhur. Nilai-nilai luhur yang telah menjadi pandangan hidup nenek moyang bangsa Indonesia itu kini semakin terabaikan. Apalagi generasi muda kini semakin jauh dari akar budaya tersebut. Untuk itu,

sangat diperlukan usaha agar nilai-nilai luhur tersebut dapat diaktualisasikan kembali.

Usaha yang dapat dilakukan adalah dengan menggali nilai-nilai luhur dalam karya-karya sastra lama. Banyak karya sastra Jawa yang mengandung nilai-nilai pendidikan yang patut diketahui, difahami, dan dilaksanakan dalam kehidupan sehari-hari. Pendidikan dalam arti luas mencakup aspek jasmani dan rohani. Pendidikan yang relevan akan dapat membantu pembentukan pola kehidupan yang lebih baik, sedangkan taraf kehidupan akan tercermin dalam bermacam-macam aspek seperti sandang, pangan, papan, kesehatan. Meningkatkan taraf kehidupan berarti mengembangkan teknologi, sumber daya alam, dan sumber daya manusia melalui pendidikan. Makin baik pendidikan makin mampu menghadapi kehidupan dalam masyarakat karena dapat memenuhi kebutuhan konsumsi diri sendiri secara nyata, baik kuantitas maupun kualitas (Yusuf, 1986: 13).

Hingga saat ini, sudah banyak terbukti bahwa naskah kuna atau karya sastra Jawa mengandung segi-segi yang bermanfaat apabila diungkapkan dan diterapkan dalam kehidupan masa sekarang. Misalnya penelitian terhadap *Serat Suryaraja* mengungkapkan bahwa banyak nilai-nilai yang masih relevan untuk diterapkan pada masyarakat sekarang (Susilantini, 1994/1995).

Mengingat banyaknya karya-karya sastra Jawa yang mengandung nilai-nilai luhur maka dalam kajian ini akan dibahas salah satu sastra Jawa yang berjudul *Serat Panutan*. *Serat Panutan* berisi cerita kehidupan sehari-hari dari tokoh-tokoh yang ada dalam cerita. Hal-hal yang digambarkan dalam cerita tersebut dapat dikaji dari segi pendidikan moral yang ada di dalamnya. Nilai-nilai moral itu dapat menjadi pedoman atau *panutan* dalam kehidupan sehari-hari sesuai dengan judulnya *Serat Panutan*. Hal inilah yang membuat *Serat Panutan* menarik untuk dikaji.

B. Permasalahan

Serat Panutan mengandung ajaran atau nasihat yang sangat berguna dalam kehidupan. Dengan demikian, nilai-nilai yang terkandung di dalamnya sangat perlu untuk disebarluaskan dan diwariskan kepada masyarakat Jawa khususnya dan bangsa Indonesia pada umumnya. Nilai-nilai tersebut dapat dipakai sebagai *tuntunan* tingkah laku dalam kehidupan sehari-hari.

Sejalan dengan hal itu, maka permasalahan dalam kajian ini adalah:

- 1) Bagaimanakah sajian teks dan terjemahan *Serat Panutan*?
- 2) Apa saja ajaran moral yang terkandung dalam *Serat Panutan*?
- 3) Bagaimanakah relevansi dari ajaran yang terkandung dalam *Serat Panutan* pada kehidupan masa sekarang?

C. Manfaat dan Tujuan

Setiap kebijakan yang dituangkan melalui kajian memiliki maksud dan tujuan tertentu. Adapun maksud dari kajian ini adalah untuk mengkaji dan mendalami nilai-nilai budaya yang harus dilestarikan, yang terdapat di wilayah kerja Balai Pelestarian Nilai Budaya Daerah Istimewa Yogyakarta. Salah satu di antaranya adalah nilai-nilai moral yang terkandung dalam naskah kuna Jawa, khususnya *Serat Panutan*. Nilai-nilai ini patut menjadi bahan pertimbangan dan referensi bagi masyarakat dalam rangka membangun karakter generasi penerus bangsa. Manfaat yang dapat dirasakan dari kegiatan ini antara lain sebagai berikut.

- 1) Tergali, terkaji, dan terdokumentasikannya nilai-nilai luhur budaya bangsa, khususnya tentang nilai moral yang terkandung dalam naskah kuna Jawa *Serat Panutan* sebagai

sarana diseminasi dan edukasi kepada masyarakat tentang budaya leluhur.

- 2) Semakin dikenalnya nilai-nilai kemanfaatan dari hasil budaya leluhur, khususnya mengenai ajaran moral dalam *Serat Panutan* sebagai transformasi dari kearifan lokal tradisional.

Diharapkan nilai-nilai keteladanan tersebut dapat menginspirasi masyarakat luas, khususnya generasi penerus dalam rangka membangun karakter diri pribadinya untuk menjadi manusia yang berkualitas, bermartabat, dan bermanfaat.

Adapun tujuan dari kajian ini adalah sebagai berikut:

- 1) Menyajikan transliterasi/suntingan teks dan terjemahan *Serat Panutan*.
- 2) Menyajikan hasil kajian/analisis tentang ajaran moral yang terkandung dalam *Serat Panutan*
- 3) Mengungkapkan relevansi ajaran moral dalam kehidupan masyarakat masa sekarang.
- 4) Melengkapi hasil penelitian sejenis yang sudah ada guna memperkaya khasanah hasil penelitian naskah kuna pada umumnya, dan kajian tentang ajaran moral dalam *Serat Panutan*.

Nilai-nilai moral dalam *Serat Panutan* dapat dipakai sebagai pedoman tingkah laku atau penuntun budi pekerti. Nilai-nilai tersebut diharapkan dapat diaktualisasikan dalam kehidupan sehari-hari sebagai usahaantisipasi terhadap kemerosotan moral generasi muda masa kini.

D. Tinjauan Pustaka

Ada dua tulisan yang membahas *Serat Panutan*, yaitu tulisan Dian Ratri Maradini, 2017, berjudul "*Nilai Moral dan Relevansinya dalam Serat Panutan Karya Mas Prawirosudirja*,"

dan skripsi Miftah Farid, 2011, berjudul "*Serat Panutan Karya Mas Prawirosudirjo dalam Kajian Strukturalisme A.J. Greimas.*"

Tulisan Dian Ratri Maradini, 2017, berjudul "*Nilai Moral dan Relevansinya dalam Serat Panutan Karya Mas Prawirosudirjo,*" membahas nilai moral dalam *Serat Panutan* secara sekilas. Pada tulisan ini lebih banyak diuraikan mengenai tokoh-tokoh yang ada (penokohan) sehingga nilai moral belum banyak yang diungkapkan.

Tulisan yang lain adalah skripsi yang ditulis Miftah Farid, 2011, berjudul "*Serat Panutan Karya Mas Prawirosudirjo dalam Kajian Strukturalisme A.J. Greimas,*" mengungkap skema aktansial dan struktur fungsional dari cerita *Serat Panutan*, serta hubungan skema aktansial dan struktur fungsional dalam rangka membentuk cerita utama pada cerita *Serat Panutan*.

Dari tulisan yang ada belum mengungkapkan ajaran moral secara mendalam sehingga pada tulisan ini akan dikaji ajaran moral secara menyeluruh dalam *Serat Panutan*. Kajian akan dilengkapi dengan kutipan-kutipan teksnya sehingga akan lebih memperjelas pemahaman.

E. Kerangka Pikir

Studi terhadap karya tulis masa lampau dilakukan karena adanya anggapan bahwa dalam peninggalan tulisan masa lampau dapat memberikan gambaran tentang kehidupan masa lampau. Pembangunan yang semakin meningkat di segala bidang perlu diimbangi dengan pembinaan mental dan spiritual yang semakin intensif pula. Seperti telah dijelaskan terdahulu masyarakat semakin mulai mencari nilai-nilai lama sebagai pedoman atau acuan dalam melaksanakan dan menentukan arah pembangunan. Nilai-nilai lama tersebut juga dapat dipakai sebagai dasar pelaksanaan pembangunan, baik secara mental maupun spiritual.

Dewasa ini sikap mental sebagai identitas atau jati diri bangsa menghadapi tantangan berupa masuknya budaya luar akibat globalisasi. Dengan demikian, penggalian akan budaya diperlukan sebagai salah satu cara untuk menangkal pengaruh luar tersebut. Generasi muda yang sudah terlanjur terpengaruh budaya luar perlu diberi pembinaan dan pengarahan tentang nilai-nilai luhur bangsa sendiri dengan mengambilnya dari sumber-sumber naskah. Sedikit demi sedikit mereka diperkenalkan dengan pesan-pesan luhur dari naskah-naskah atau karya sastra Jawa itu.

Dengan adanya pengenalan secara bertahap, akan semakin banyaklah pengetahuan dan pemahaman mereka tentang nilai-nilai yang menjadi pegangan nenek moyang bangsa Indonesia sendiri. Lama kelamaan mereka akan semakin mengenal dan tidak asing lagi terhadap keluhuran nilai budaya sendiri. Oleh karena itu, kajian terhadap teks-teks lama sangat diperlukan untuk menguatkan moral generasi muda. Hal ini sesuai dengan isi teks *Serat Panutan* yang menyampaikan ajaran moral.

F. Ruang lingkup

Ruang lingkup kajian meliputi ruang lingkup wilayah dan materi.

1. Ruang lingkup wilayah.

Naskah yang dipakai sebagai bahan kajian adalah koleksi Perpustakaan Reksa Pustaka Pura Mangkunegaran Surakarta. Dengan demikian, lingkup wilayah lokasinya adalah Perpustakaan Reksa Pustaka Pura Mangkunegaran Surakarta.

2. Ruang lingkup materi

Sesuai dengan isi kandungan *Serat Panutan* dan mengacu pada permasalahan, lingkup materi adalah alih aksara, terjemahan, dan kajian *Serat Panutan* mengenai pendidikan moral dan relevansinya pada masa sekarang.

Data yang digunakan dalam penelitian ini adalah naskah *Serat Panutan* koleksi Perpustakaan Reksa Pustaka Pura Mangkunegaran Surakarta dengan nomor koleksi O 56 dan nomor Girardet 34410 (Girardet, 1983: 386).

Istilah moral berasal dari bahasa Inggris moral artinya moral atau akhlak (Echols, 1993: 385). Dalam *Kamus Besar Bahasa Indonesia* dijelaskan bahwa moral berarti 1. (ajaran tentang) baik buruk yang diterima umum mengenai perbuatan, sikap, kewajiban, dan sebagainya; akhlak, budi pekerti, susila; 2. kondisi mental yang membuat orang tetap berani, bersemangat, bergairah, berdisiplin, dan sebagainya; isi hati atau keadaan perasaan sebagaimana terungkap dalam perbuatan; 3. Ajaran kesusilaan yang dapat ditarik dari suatu cerita; (Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa, 1990: 592); bermoral/ ber•mo•ral/ v 1 mempunyai pertimbangan baik buruk; berakhlak baik: mana ada penjahat yang -; 2 sesuai dengan moral (adat sopan santun dan sebagainya): ia melakukan perbuatan yang tidak - (<https://kbbi.web.id/moral>).

Berdasarkan definisi yang ada, maka moral yang dipilih dalam kajian ini adalah yang mempunyai pengertian '(ajaran tentang) baik buruk yang diterima umum mengenai perbuatan, sikap, kewajiban, dan sebagainya; akhlak, budi pekerti, susila.'

G. Metode Penelitian

Kajian naskah merupakan studi kepustakaan. Dengan demikian, menggunakan metode kepustakaan. Langkah-langkah yang ditempuh dalam penanganan naskah ini adalah pertama, menyajikan transliterasi *Serat Panutan* agar pembaca yang tidak mengetahui huruf Jawa dapat membaca alih aksaranya, kedua, menterjemahkan ke dalam bahasa Indonesia agar mudah dimengerti isinya, dan ketiga membuat analisis. Data yang telah terkumpul dianalisis secara deskriptif analitis untuk mengetahui nilai moral dan relevansinya.

BAB II

TEKS *SERAT PANUTAN*

A. Deskripsi Teks *Serat Panutan*

Data yang digunakan dalam penelitian ini adalah naskah *Serat Panutan* koleksi Perpustakaan Reksa Pustaka Pura Mangkunegaran Surakarta dengan nomor koleksi O 56 dan nomor Girardet 34410 (Girardet, 1983: 386). *Serat Panutan* ini merupakan naskah cetak diterbitkan oleh Percetakan Tuan H.A. BENYAMIN, Semarang tahun 1913. Buku koleksi Perpustakaan Reksa Pustaka Pura Mangkunegaran diberi sampul dengan kertas coklat polos dengan tambahan tulisan menunjukkan kode koleksi, seperti tampak pada Foto 1.



Foto 1. Sampul tambahan naskah *Serat Panutan*

Pada halaman-halaman awal sebelum teks inti berisi informasi mengenai judul *serat*, pengarang, penerbit, tahun

terbit, dan hal yang diceritakan. Pengarang disebutkan bernama Mas Prawirasudirja seorang *mantri guru* di Garung Wanasaba, seperti tampak pada Foto 2.




Foto 2. Halaman sampul dalam *Serat Panutan*

Pada halaman berikutnya identitas pengarang dijelaskan dalam tulisan: "*Anggitanipun Mas Prawirasudirja, mantri guru pamulangan ing Garung Wanasaba*". Halaman ini juga menjelaskan tentang *Serat Panutan*, *Nyariosaken lare dhusun ingkang gumatos dhateng biyung, taberi nyambut damel, gemi tuwin angatos-atos wekasan dados mulya*", seperti tampak pada Foto 3.




Foto 3. Halaman judul dalam *Serat Panutan*

Serat Panutan menceritakan kehidupan Mbok Singadrana dan anaknya, Dapa, dari kehidupan yang miskin dan serba kekurangan menjadi sejahtera atau kaya berkat sikap ketakwaan, hidup berhemat, berhati-hati, perjuangan, kejujuran, dan ketekunan bekerja. Dalam teks diceritakan sebagai berikut: “*SERAT PANUTAN. Nyariosaken lare dhusun ingkang gumatos dhateng biyung, taberi nyambut damel, gemi tuwin angatos-atos wekasan dados mulya*”. Jumlah halaman teks *Serat Panutan* sebanyak 96 halaman. Teks ditulis dengan aksara Jawa ragam cetak tegak. Setiap halaman berisi 19 baris dan tiap baris berisi sekitar 20 huruf, seperti tampak pada Foto 4.




Foto 4. Halaman yang berisi teks *Serat Panutan*

Alihaksara disajikan dengan metode standar sesuai ejaan bahasa Jawa yang disempurnakan. Pergantian halaman teks ditulis dengan angka dalam kurung [...] agar memudahkan pengecekan pada naskah aslinya. Dalam sajian teks mengingat sudah ada alihaksara dan terjemahannya, maka alih aksara dan terjemahan yang sudah ada dijadikan pembandingan dalam pengolahan tulisan ini. Selain itu, *Serat Panutan* juga sudah dialihaksarakan oleh Hadisalam dan digunakan sebagai pembandingan dalam tahap alih aksara (Hadisalam, 2003).

B. Teks *Serat Panutan*

[5]TUTUR

Lalampahanipun manungsa punika anut tuladha tuwin piwulanging tiyang sepuhipun. Nalika lare taksih alit, nama dereng gadhah kasagedan punapa-punapa, lami-lami lajeng saged: nedha, wicanten, nyambul damel saha sanes-sanesipun.

Kasagedan makaten punika lantaran saking dipun wulang sarta niru solah tingkahipun tiyang sepuh ingkang dipun tingali.

Saupami ingkang dados lantaran (piwulang sarta solah-tingkahipun tiyang sepuh) sae, kalakuwanipun lare inggih dados sae, dumugining sepuh adat lestantun saenipun.

Sarehning tiyang sepuh punika dados panutanipun lare, mila piyambakipun perlu sanget ngatos-atos, tembung sakecap, lampah satindak saha piwulangipun kedah sae, leres sarta maedahi.

Sok tiyanga langka ingkang boten remen dhateng anak. Anak enering tingal, gaganthilaning manah, inggih [6] dodolan ingkang boten boseni, ngantos kabasakaken: kancana wingka. Punika nelakaken saking sangeting remenipun tiyang sepuh dhateng anak. Sanajan warninipun anak awon dipun upamekaken barang ingkang boten pangaos makaten, ewa samanten tresna saha remenipun kados dhateng kancana. Malah sayektosipun remening tiyang dhateng kancana wau dereng mantra-mantra nimbangi agenging katresnanipun tiyang sepuh dhateng anak. Upami ing ngadhap punika minangka tandha yektining agengipun katresnaning bapa-biyung dhateng anak.

Tiyang sepuh nyepeng tetedhan sacuwil badhe kaemplok, anakipun dhateng ngrebat tetedhan wau, sanalika tiyang sepuh ngulungaken kalayan suka bingahing manah.

Bilih pinuju boten karaos-raos¹ anakipun nangis nedha sekul, raosing manahipun tiyang sepuh kados dipun iris-iris, awit boten tegel ningali saha mirengaken anakipun ngalentreh lesu tuwin sasambat luwe.

[7] Nalika anak sakit, bapa biyung langkung prihatos, punapa ingkang kininten saged nyarasaken, sak pitedahing tiyang utawi dhukun, sasaged-saged dipun wontenaken, boten ngetang kathahing wragat tuwin rekaosipun.

¹*Boten karaos-raos = boten gadhah punapa-punapa.*

Ing nginggil punika sampun cekap kangge mratelakaken tandha katresnan saha remenipun dhateng anak, nanging remen sarta pangemanipun anak wau ingkang limrah sok kaladuk, boten kamanah kados pundi kadadosanipun ing tembe, punapa pangemanipun badhe damel sae, punika awis ingkang nyumerepi. Wonten ugi satunggal kalih tiyang ingkang sampun sumerep, yen pangemanipun badhe dados wisa mandi damel pejah utawi awon dhateng anakipun, ananging awit saking kagengen tresna sarta kirang pengkuhing manah, gegemanipun wisa saged runtuh dhumawah ing lare. Mila leres tiyang sepuh mbasakaken: welas tanpa alis (welas wekasan lalis), kajengipun: anggening welas njalari pejah. Babasan punika yektos. Upaminipun makaten:

[8] Tiyang ingkang tinitah wonten,² saking remenipun dhateng anak, wiwit lare taksih wonten ing embanan, dereng sumerep dhateng ginanipun arta lan boten gadhah panedha punapa-punapa, asring dipun gegemi arta kabekta dhateng wande tumbas jajan utawi dolanan ingkang boten pantes ing atasipun lare taksih alit. Dipun wulang dhawahaken arta nampeni jajan, lami-lami ngertos dhateng tutumbas, sareng sampun saged lumampah sarta wicanten radi cetha, wira-wiri nedha arta kangge tutumbas sadinten boten narimah rambah kaping tiga, tiyang sepuhipun ngulungi kalayan gumujeng manahipun bingah, wicantenipun,

“Wah anakku wis bisa njaluk dhuwit. Wah, baguse wis bisa tuku jajan dhewe.”

Wicanten makaten punika anakipun sarwi dipun ambungi. Saya ageng saya kathah panedhanipun arta, jajan ingkang katumbas boten mawi milih, namun nuruti remening manahipun: pelem, balimbing, gowok, wuni. Anggenipun nedha boten ngengeti wanci. Saweneh lare ingkang sampun [9] tuman jajan, wonten ingkang boten purun nedha sekul ocal-ocalanipun piyambak.

²Tinitah wonten = sugih, cekap boten kikiran.

Wonten malih tiyang ingkang watekipun boten pengkuh, manawi anakipun nenedha kekathahen utawi kekerepen, sok nyentak, srengen trekadhang nggebag, panedhanipun boten dipun sukani, lare glinting gulung ing siti nangis nggembrek-gembrek, boten dangu biyungipun dhateng nulung ngusapi kaliyan nyukani panedhanipun, anakipun kendel sarta ngertos benjing malih manawi nenedha boten dipun sukani lajeng gulung nangis.

Ing nalika tiyang sepuh lilinggihan manggihi tamu, anakipun dhateng nglendhot, nunten dipun ulungi tetedhan utawi arta, tembungipun,

“Nya, wis mrana, lunga dolan.”

Lare nampeni arta lajeng kesah tumbas jajan. Sasampuning jajan telas katedha, wangsul malih nglendhot, supados dipun sukani malih kados ingkang sampun, mripatipun kumedhep-tismak mandeng tetedhan ingkang kasegahaken dhateng tamu.

[10] Manawi tiyang sepuhipun kekesahan, martamu utawi kondangan ing griyanipun tiyang gadhah damel, limrah anakipun kabekta, ing ngriku kesah dhateng ngresahi tiyang sepuh saweg wicantenan kaliyan nedha tetedhan.

Lare sampun umur nem dumugi sadasa taun, dereng dipun wiwiti kasumerepaken ing padamelan, sinau kasagedan, tatakrama sasaminipun. Mila ingkang limrah tansah bodho sanget, dereng kenging pinitados nyepeng arta sarupiyah. Jirhipun nglangkungi, boten purun lumampah piyambak lalampahan kalih pal. Punapa malih boten purun kakengken sowan dhateng priyantun, Cina utawi tiyang sanes bangsa, awit saking kirang kulina sinau kendel, dumugi sepuh dados tiyang ajrihan.

Menggah karemenanipun lare, saben dinten dolan kalambrangan ing saenggen-enggen awor lare kathah ingkang watekipun awon: mbebalang, ngundhuh susuh peksi, nganiaya kewan alit-alit, kopyok, lowok, aben jangkrik, dherekan saha sanes-sanesipun mawi totohan.

[11] *Lare watek ndhugal, sok dolan ing margi mbebedhung tiyang langkung ingkang kininten boten saged ndamel piawon ing piyambakipun, kados ta: mejahi sawer kaalangaken ing tengah margi murih ndamel kagetipun tiyang langkung, moyoki tiyang lumampah, nabuhi tiyang pincang, nasaraken tiyang picsek sasaminipun. Manawi tiyang ingkang dipun poyoki nepsu ngoyak, piyambakipun sami lumajeng surak-surak kaliyan mimisuh ngangge tembung boten patut, sanget anggening megelaken manahipun tiyang langkung.*

Manawi ngengeti solah tingkahipun lare-lare makaten punika, tetela sanget pamardinipun tiyang sepuh dhateng anak dereng paja-paja saged nggayuh dhateng kasaenan. Sareng lare dados tiyang sepuh, kepatuh bodho, goroh, sungkanan, jirih, crobo, boten antepan, boten sumerep males kasaenan dhateng tiyang sepuh, boten welasan ing sasamining titah, tebih kaliyan sanak-sadherek tuwin mitra, boten [12] saged njagi gesangipun, wekasan cepak manggih sangsara.

Ing serat punika isi cariyos sae, prayogi sanget kawaos kangge samben ing wektu ngaso sabibaring nyambut damel utawi ing wanci dalu saderengipun tilem.

Lugunipun suka penget, supados sami marsudi anak-putunipun dhateng kasaenan, murih sepuhipun dadosa tiyang: ngatos-atos, tata, titi, gemi, taberi, saged rerawat barang darbekipun, inggih saking punika lantaranipun saged kacekapan. Dene kacekapan wau satunggaling sarana ingkang langkung rosa, kuwawi ndhatengaken sedyo ingkang prelu-prelu, ing atasipun tiyang gesang, upaminipun: seneng, sekeca, kajen-keringan, sugih sanak sadherek saha sanes-sanesipun, kacekapan ugi saged dados lantaran junjung luhuring drajat, sabab gampilaken dhateng pangudinipun kasagedan.

Kajawi saking punika, uger boten kalintu anggening [13] matrapaken kacekapan ugi saged nyuda kathahing dosa, lipipun makaten: tiyang ingkang cepak, mokal manawi purun ngraosi

sarta lampah awon ingkang lantaran namung melik barang sepele pangaos sigar sadhuwit, malah manawi kaleres purun kecalan sawatawis kangge tutulung tiyang kasangsaran.

Ing sarehning sampun terang sanget, kacekapan wau ageng paedahipun, saged mitulungi ngentas saking kasangsaran, mugimugi sami tumuntena karsa santun ada, ngungkuraken watek boros tuwin sadaya ingkang boten sae, lajeng ngudi karaharjan memetri panggesanganipun, saha malih sampun ngantos gadhah manah ngentosi benjing-benjing, mangsanipun kaselak kasep, awit saben wektu umuring manungsa punika temtu suda-suda, saweg kasep sabedhug kemawon, umuripun sampun suda nem jam.

Kajawi saking pituturing serat punika, Kangjeng Gupernemen ugi nggalih prelu karsa tutulung njagi kawulanipun, murih uwal saking babaya kacingkrangan, lajeng ngwontenaken bang ing kantor pos, saben dhusun dipun adegi bang sarta [14] lumbung panggenan tiyang pribumi nyelengi artanipun utawi sabageyan saking pamedalipun siti kangge njagi bok menawi kikirangan tedha tuwin sinau gemi.

Wiwitipun adeging bang kaliyan lumbung dhusun wau rekaos sanget, tiyang-tiyang sami boten rujuk jalaran saking dereng ngertos pikajengipun, wonten ugi ingkang gadhah manah sumelang, kuwatos dipun apusi. Nanging sareng sampun tumindak sawatawis taun laminipun, piyambakipun sami bingah sarta ngraos sakeca, badhe nyebar wiji boten pados sambutan pantun, nuju pailan kantun mendhet pantun nyambut ing lumbungipun piyambak, manawi betah arta, lajeng nyambut ing bang, adatipun tiyang pribumi ingkang makaten wau, kaumpamekaken lare alit badhe dipun edusi, wiwitipun budi sarta nangis kekejer, sasampuning resik, tilemipun nglengger.

Sumangga sami karaosna, katepakna ing slira piyambak, saiba sedhihipun tiyang sepuh jempo saha mlarat, sampun boten kuwawi nyambut damel, sampun boten wonten ingkang kajagekaken kangge tedha enjing sonteni[15]pun, manawi enget samanten, manah ngeres sarta nalangsa, sanalika nggadhazi

manah wajib sanget nunuman gemi, purun nyenyelengi wiwit enem kangge tedhanipun benjing manawi sampun sepuh.

**[16] DAPA ANAKIPUN RANDHA MLARAT, SAGET DADOS
SUGIH LAN MUKTI LANTARAN SAKING TABERI, GEMI SARTA
NGATOS-ATOS**

Ing Dhusun Sidamulya wonten satunggiling tiyang tani, nama Singadrana, gadhah pekarangan cengkal sawidak ubin, tanemanipun karang-kitri pepak sarta lema-lema, ing ngandhap dipun tanemi warni-warni: waerut,³ senthe, suweg, empon-empon saha sanes-sanesipun. Griyanipun satunggal dhapur limasan, atepipun kambengan. Gadhah sabin yasan salupit eloh sanget, prenatalipun caket dhusun angsal toya ilen, kenging kaocal katiga rendheng.

Singadrana wau boten nama cekap, ingah-ingahan rajakaya tuwin barang-barang ingkang pangaos boten gadhah, nanging dereng nate kekirangan tedha, sebab sugih kasegedan, taberi nyambut damel, gemi lan ngatos-atos.

[17] Ing saselanipun pandamelan nggarap sabin, tuwin wanci dalu saderengipun tilem, piyambakipun sok damel salu, gedheg, kepang, rinjing, irig, tampah, iyan, centhong, siwur, kelud, dadhung (tambang), salang.

Ugi remen dhateng sinau memethel ndamel bawak, doran, dhingklik sapanunggilanipun. Barang-barang dadamelanipun sami dipun tumbasi tiyang dhusun ngriku, trekadhang ngantos kasade dhateng peken. Sanajan papajenganipun boten sapintena, nanging inggih luwung cekap kangge nambak kikiranganipun. Kala-kala piyambakipun berah tumut undhagi ingkang sok mborong damel griya, sadinten angsal epahan tigang kethip utawi langkung. Manawi pinuju boten kikirangan, arta berahan wau dipun celengi, lami-lami ngalempak kathah, kenging kangge

³*utawi = garut*

mbayar paos, tumbas pangangge lan warni-warni pirantosing nyambut damel. Padamelanipun ingkang estri nenun lurik badhe rasukan, ing wanci dalu sok anganam gelaran mendhong.

Anggenipun emah-emah rukun sanget, boten nate wonten pasulayan, kaliyan tangga tepalih te[18]pangipun rumaket kados sadherek, tiyang-tiyang sami remen dhateng piyambakipun, sebab watekipun jaler-estri langkung sabar sumerep ing patrap, purun ngawon tembung sakecap, lampah satindak, enthengan tutulung tuwin gati tutuwi ing griyanipun tiyang kasusahan.

Nalika samanten Singadrana sampun gadhah anak jaler satunggal saweg umur kalih taun, nama Dapa, warninipun kalebet bagus, kulit jene, mripat mblalak, dedeg cekapan. Bapa-biyungipun langkung asih, awit anakipun namung satunggal punika. Pamulasaranipun sae, ngungkuli sasaming tiyang dhusun, pendhak enjing dipun dusi ngangge sabun, lajeng dipun anggen-anggeni sarwa resik saha pantes, kadamelaken dolanan ingkang nyenengaken manahipun lare alit, boten mbebayani tuwin damel kiyating badanipun. Manawi tilem kasandhing kinemulan barukut. Pun Dapa asring sanget dipun kukudang ing tembe dadosa tiyang utami, kenging kangge pangengeran tiyang sepuh lan pangauban sanak sadherek ingkang kanalangsang.

[19] Karsaning Allah Singadrana jaler pinasthi boten dumugi anggening momong anak saha sih-sinisihan kaliyan bojo. Ing satunggaling wektu piyambakipun ginanjar sakit benter sawatawis dinten laminipun dumugi ing janji wangsul dhateng jaman kalanggengan. Inggang estri kantun kapegatan tresna sanget nalangsa, ngantos lami meh supe nedha tuwin tilem. Badanipun kera nglayung, saben dinten linggih dheleg-dheleg kados tiyang kalap. Manawi wanci dalu tileman ngeloni anak, sasampuning Dapa tilem, lajeng linggih sangga-uwang ngajengaken dilah clupak, ngantos meh natas byar enjing boten saged tilem, ingkang dipun enget-enget namung pejahing bojonipun. Kala-kala piyambakipun sok kesah dhateng pajaratan nggendhong anakipun, lajeng mapan linggih kaliyan mangku anak ing prenatal daganing kubur awicanten piyambakan, nedha

ngapunten dosanipun, gadhah panedha karencangana nyunyuwun ing Gusti ingkang Maha Agung, mugi-mugi piningan manah sabar, wilujeng saha panjang umur saged momong anak, pun Dapa kasuwuna ing tembe dados tiyang mulya utami ing budi. Sareng sampun dumugi anggening nyunyu[20]wun makaten, lajeng wangsul linggih lenguk-lenguk ing emper kathah-kathah ingkang rinaos. Tangga-tangganipun ingkang sumerep sami nginten, yen Embok Singadrana ewah engetan lantaran katilar pejah ingkang jaler.

Wiwit nalika ajalipun Singadrana ngantos sedhekah ngawan dasa dinten, ingkang estri gadhah sambutan tigang dasa rupiyah kangge pangupakaraning mayit, nunten nggantosen sabinipun salupit dhateng tangganipun awasta Bauwijaya, janji manawi salebetipun sataun boten katebus, sabin tetep dados gadhahipun ingkang nggantosen. Embok Singadrana boten ngengeti awrating janji makaten punika, sabab wektu samanten panuju kesulek betah ngangge arta.

Dene Bauwijaya wau satunggiling tiyang tani cethyl manahipun kirang sae, boten welas dhateng sasaming agesang, ingkang dipun jangka sageda sugih piyambak, boten noli kasangsanipun tiyang sanes.

Sarehning Embok Singadrana repot momong lare alit, boten kening kasambi nyambut damel nenun, mangka [21] badanipun sanget kera saha lungkrah prasasat boten saged nggulawat, wewah malih sabin wonten ing gantosan, saya amewahi rekaosing panggesanganipun. Mangka pun Dapa saweg sedhengipun sumega boten kening ketowongan sekul, anggening nedha sadinten boten narimah ambal ping tiga. Mindhak dinten mindhak sanget kacingkranganipun, barang-barang isining griya ingkang pangaos telas kasade kangge nempur, klapa saweg demegan dipun undhuhi. Awit saking makaten punika, manahipun Embok Singadrana sakalangkung sedhik. Manawi dalu linggih mogok-mogok caket dilah clupak urubipun melik-melik sak konang, mripatipun tarocosan mili

eluh, sakedhap enget dhateng ingkang jaler, sakedhap malih enget dhateng katresnanipun dhateng Dapa. Sampuna welas ningali anak, saking puteking manah kados badhe nganyut-tuwuh bela sumusul ing jaman kalanggengan. Nunten Dapa pinangku dipun ambungi sarta ingusap-usap sirahipun kaliyan wicanten piyambakan,

“Dhuh, engger, anakku lanang kang dak tresnani, bubundhela[22]ning ati, pancaring pandelengku. Begja temen awakmu teka ora tulus ketunggon bapa, wuwuh-wuwuh mung narima mangan sega bae rasaning ati kaya ora kasembadan.”

Dapa kaselehaken, dipun keloni.

Sok asring kemawon Dapa ananangi susahing biyungipun, wicanten ceblang-ceblung taken bapa, wicantenipun, “Bapak endi, yung, kok ola bali-bali.”

“Ora bali, wong bapakmu wis mati.”

“Nganti besuk ola bali, yung?”

“Ya ora bali.”

“Sing aweh dolanan aku sapa.”

“Ora ana, saiki aja sok njaluk dolanan.”

“Nek ola diwehi, aku nangis.”

“Aja nangis, engger, aku mundhak sedhik.”

“Jaluk segane, ta, yung.”

“Iya.”

Ing satunggiling dalu Embok Singadrana ngangen-angen kados pundi anggenipun badhe pados panggesangan. Sa[23] king parmaning Pangeran ingkang sipat mirah lan asih dhateng kawulanipun ingkang saweg nandhang prihatos, medal parentuling manah manggih akal ingkang prayogi linampahan, gadhah kantepan sumedya berah nyambut damel kasar, ciptanipun,

“Iya ngendi ana wong urip tanpa pangan, aku pracaya banget marang Gusti Allah kang sipat murah, pasthi bakal paring rejeki marang sadhengah wong kang gelem setiyar maneh aku ginadhuan pancadriya pepak sarta wutuh, kukuwatan durung

suda, luput banget yen ora dak tamakake kanggo lurus pangan, pangupa jiwa saka nenun wis ora kena dak lakoni marga saka repot momong anak, saiki prayoga aku ngupaya sandhang-pangan metu saka liyane iku, sanajan sakjeke urip aku durung tau buburuh, samengko wajib dak lakoni, krana dadi panulaking babaya luwe, mungguh panemuku sanistha-nisthane wong buburuh, isih nistha kang gawene jejaluk, luwih nistha maneh sing dhemen nyonyolong.”

Sareng sampun tetep tekadipun makaten, sirna sedhihing manah [24] dados suka bingah sarta muji-sukur ing Pangeran, sabab sampun linuwaran saking prihatos, dereng wiwit nyambut damel, raosing manah kados sampun kenging katemtokaken badhe tuwuk nedha, boten dangu piyambakipun saged tilem kepati.

Wanci enjing umun-umun tangi tilem lajeng reresik nyapu jogan, latar, pawon, ngangsu lan bebenah, sasampuning tata salebeting griya, Dapa kagendhong nunten kesah dhateng griyanipun bakul uwos wasta Suramenggala, tebihipun namung elet kawan surup.

“Kula nuwun.”

“Inggih, lo adhi Embok Singadrana, daweg lungguh ngriki mawon dhi.” “Inggih.”

“Kadingaren onten prelu napa dhi, enjing-enjing dhateng mriki?”

“Inggih wonten prelunipun.”

“Bok inggih empun ewet-ewet, dika tutur blaka mawon, kaselak awan, kula ajeng kesah teng peken adol beras.”

[25] “Inggih dhateng kula manawi katampen badhe nedha padamelan sapingipun.”

“O, lah ing ngriki boten wonten padamelan ingkang pantes kangge si adhi, ontene mung padamelan gentang, dene epahe ing dalem sapocong kalih sen, angsal nedha tuwuk sadinten sapisan kinang sakinyeh, liya nika oleh bageyan menir lan bekatul sapeweh kula, kepripon dhi, napa dika purun nglampahi.”

“Inggih purun.”

“Tomblok.”

“Kula.”

“Ngudhuna pari saka lumbung sing wetan anaa rong gedheng bae, cik ben ditutu adhi Embok Singadrana.”

“Inggih.”

Bok Suramenggala lajeng kesah dhateng peken, ingkang jaler mangkat nyambut damel ing sabin, Embok Singadrana nampeni pantun kalih gedheng nunten dipun untingi alit-alit kaepe ing latar mawi lemek gelaran amoh, su[26]pados gabah ingkang gogrog boten dhawah ing siti awor lebu, sareng sampun radi garing, dipun wiwiti kagentang, nylusuhi, napeni, bebak, nosoh napeni, nginteri, ngencek-encek, ninting, ngantos rampung dados uwos pethak. Menir, dhedhak, ketepu tuwin bekatulipun kapisah-pisah, merangipun kaklempakaken kangge bedhiyan, omanipun calon kadamel kelud. Wanci asar andhap, uwos menir ketepu lan bekatulipun kapasrahaken sadaya dhateng ingkang gadhah griya.

Embok Suramenggala sanget suka bingahing manah ningali uwosipun pethak, meniripun namung sakedhik, jalaran anggenipun gentang ngatos-atos. Embok Singadrana dipun sukani arta wolung sen, menir sakuthuk, bekatul sabathok dene ketepu kasukakaken sadaya. Sasampunipun nampeni epahanipun gentang, nunten pamit wangsul gendhong anakipun wonten margi mampir tumbas gendhis kalih sen, sareng sak sen, lisah patra sasen, ganten sasen, sareng dumugi gri[27]ya, menir dipun bethak, bekatul kajenang dipun saremi sarta mawi gendhis, ketepunipun kaepes dipun gendhisi, lajeng katedha kaliyan anakipun karaos nikmat sarta tuwuk. Dene artanipun tasih tirah tigang sen kalebetaken ing celengan kangge jagi-jagi nempur manawi kaleres boten angsal berahan. Makaten padamelanipun, saben enjing kesah berah gentang, wanci sonten wangsul beka arta, menir, bekatul kaliyan katepu.

Sarehning ajeg saben dinten gentang, piyambakipun manggih akal murih rikating padamelan sarta mewah sae, wanci enjing nampi pantun lajeng dipun untingi alit-alit, kaepe ing latar,

sadangunipun ngentosu garing, piyambakipun bebak, nunten nosoh, anggening nylusuh winginipun manawi sonten nylusuh malih sabab pantun garing sanget nembe kenging benter sadinten muput, gogrogung gabah langkung gampil, dipun bebak tuwin kasosoh enggal pethak, punapa dene meniripun namung sekedhik.

Embok Singadrana tiyang wekel sarta temen, bote[28]n milik dhateng samukawis gagadhahanipun tiyang sanes, saupami manggih punapa-punapa utawi sumerep wonten barang gumlethek, lajeng kapendhet dipun sukakaken ingkang gadhah, mila Embok Suramenggala pitados sanget ing piyambakipun, salaminipun gentang boten nate dipun tenggani, malah kawenangaken lumebet-medal ing griya, manawi sonten bakda gentang sok ngrencangi bebenah nglebetaken barang-barang ingkang prelu kasimpen ing griya, jalaran saking punika, Embok Suramenggala saya wewah tresna, anggenipun nyadhong sekul boten kapanci ngangge piring kados ingkang sampun nanging ing wektu nedha dipun sandhingi sumbul saanakipun sami nedha tuwuk, cadhongipun ganten boten kapasthi, uger kepengin inggih lajeng mendhet piyambak ing wadhah ganten manawi wangsul dipun sukani menir kaliyan bekatul langkung kathah tinimbang ingkang sampun, trekadhang Dapa kabuntelaken sekul kangge tedhanipun ing griya.

Nalika samanten panggesanganipun Embok Singadrana sampun radi mayar, sanajan nyambut damel rekaos nanging tedha sadintenipun boten kikirangan, arta berahan awis-awis kangge, lajeng dipun simpen ing celengan bumbung.

[29] Ing wektu boten wonten padamelan gentang, piyambakipun ngrencangi nyambut damel sanesipun, kados dene wonten ing griyanipun piyambak, nyapu jogan, latar, pawon, mamasuh, ngasah-asahi piring bebenah, ngopeni samukawis ingkang pating klendhang gumlethek saenggen-enggen.

Lami-lami Suramenggala jaler-estri langkung pitados lan tresna, panganggepipun kados dhateng sadherek estri piyambak, kawenangaken nyumerepi sadaya barang gagadhahanipun

salebeting griya, pun Dapa kapendhet anak pambajeng sandhang-tedhanipun kasanggi dening Suramenggala, makaten ugi Embok Singadrana, rumaos kadamel sae dipun gegesang saanakipun, kawelasaken boten sanes namung temen tuwin kasregepanipun ngrencangi nyambut damel, wiwit wektu punika bok randha boten dipun sukani epahan anggenipun nyambut damel, kajawi manawi piyambakipun gadhah panedha sabab prelu ngangge arta, dene sandhang-tedha tuwin kabetahan samurwatipun tiyang gesang, kados ta wragad majeng griya [30]ndhangir utawi mager pakarangan sadaya dipun cekapi Suramenggala.

Gentos kacariyos, salaminipun Ki Bauwijaya nyambutaken arta dhateng Bok Singadrana tansah dipun enget-enget kemawon, sareng sampun dumugi ing dinten jangkepipun sataun, medal angen-angenipun boten sae, nedya nindakaken siya ngangkah supados sabinipun Embok Singadrana tetep kadarbe ing piyambakipun, ing batos makaten,

“Bakda mahrib mengko sore genepe setaun enggone Bok Singadrana utang dhuwit marang aku, kasebut ing layang tandha tangan, yen dheweke ora nyaur sajroning sataun, sawahe tetep dadi duwekku. Kang iku mengko sore bakal dak tagih, wektune sompoh tur wayah bengi, pasthi dheweke ora bisa nyaur kropyok saknalika, dadi kena dak enggo gaman netepake sawahe dadi darbekku.”

Sasampunipun ngangen-angen makaten, bakda mahrib Ki Bauwijaya kesah ing griyanipun Embok Singadrana, pinanggih [31] saweg linggih kaliyan mangku pun Dapa, wicantenipun Bauwijaya, “Dhi Embok Singadrana, teka kula mriki ajeng nagih utang dika telung puluh rupiyah, yen wektu niki uga boten nyaur, sawah dika tetep dadi duwek kula, sabab lawase anggen dika utang empun trep ganep sataun.”

Embok Singadrana kaget, wicantenipun, “Napa enggih, kang, empun setaun.”

“Enggih daweg ta dika etang, kriyin nalika dika utang dhuwit tanggal sapisan wulan Rabingulakir, tumapaking tanggal sapisan Rabingulakir malih sonten niki.”

“O, inggih leres kang, kula kesupen boten ngenget-enget, daweg ta, niki arta tebusane sawah saweg onten sadasa ringgit, dika tampani. Dene kirange gangsal rupiyah benjing enjing kula jangkepi ajeng kula sambutake teng bakyu Suramenggala.”

“Ah, boten, nek dika encrit-encrit mekaten, masthi kula jaluk sepisan kropyok, kaya dene dhek dika tanpa saking kula.”

“Gih empun kang, benjing enjing mawon kula sau[32]ri babar pisan, sabab sakniki wayah petengan, kula boten bisa satiyar dhuwit.”

“Embok Singadrana, dika empun ngajak guguyon kula mung omong sapisan, sak niki uga dhuwit kula jaluk bali kabeh, yen boten bayar, sawah dika kula epek.”

“Kepripun kang, kakang ampun mepetaken ngoten, rak empun lumrahe wong ditagih utang boten bisa nyaur niku semaya, kalih dene malih dinten binjing-injing prasasat dereng nama kasep, sabab setaun niku saweg langkung sadalu niki, kajawi saking punika, kakang enggone nagih blojokan tur dina bengi, boten dina awan wau utawi wingi-wingine, dadi maksude kakang enggone nagih mung ajeng melik teng sawah, boten nedyo nampani dhuwit panyaur kula.”

Bauwijaya mangsuli sereng ngatingalaken solah tingkah degsura tanpa tata krama wicantenipun,

“Ya arepa menthang-menthang kaya gawangan, malang kaya prabatong, mangsa aku wediya, wong wadon bangga sapi[33]ra, aweh sawah dak epek, ora aweh ya dak epek, tekakna pengadhilan luhur pisan, ora-orane aku kalah.”

Kalepat Ki Bauwijaya wangsul, Embok Singadrana linggih ing amben sandhing anakipun kaliyan brebesmili, manahipun nalangsa malih, enget sabinipun badhe ical kacepeng sambetan sarta rumaos dados randha punika boten kajen dipun sawiyah ing tiyang sanes. Dapa tumenga ningali biyungipun saweg nangis lajeng taken.

“Dene nangis yung, lala yung.”

“Ora lara, nanging biyung sedhah.”

“Nek sedhah tambane apa yung.”

“Tambane kowe enggala gedhe, miturut, bisa ngrewangi lurus sandhang-pangan, besuk yen tuwa kenaa dak ngengeri, karo biyung sing gemati ya ger.”

“Iya.”

Anakipun kaambung lajeng dipun keloni.

Sareng byar enjing Embok Singadrana tangi tilem dereng ngantos reresik ing salebeting griya, lajeng kesah [34] nggendhong anakipun manggihi Suramenggala, nyariyosaken salah tingkahipun Bauwijaya nagih kaliyan anggenipun badhe darbeni sabenipun, kajawi saking punika embok randha jawab nyambut arta gangsal rupiyah kangge njangkepi artanipun piyambak ingkang salangkung rupiyah dadosa tigang dasa rupiyah, badhe kadamel nebus sabenipun.

Suramenggala mireng cariyosipun Mbok Singadrana makaten punika manahipun langkung eram, dheleg-dheleg ngantos dangu boten wicanten, ing batos murinani embok randha sarta gething dhateng Ki Bauwijaya, sabab kasangeten anggenipun nandukaken pratingkah ambeg sumakehan dupeh tinitah dados tiyang jaler lan tinakdir cekap. Punapa malih anggening boten taha mangarah sabinipun embok randha, ngantos nyupekaken wajibing welas asih dhateng sasaming agesang. Suramenggala lumebet ing griya mendhet arta gangsal rupiyah, kasukakaken dhateng Embok Singadrana, lajeng kesah manggihi Bauwijaya, Suramenggala tumut. Sasampuning tata linggih ing amben jawi, [35] embok randha ngulungaken arta tigang dasa rupiyah, wicantenipun:

“Daweg, kang, niki arta tigang dasa rupiah tebusane sawah kula, dika tampani.”

Bauwijaya wicanten sugal, “Dika niku kabanjur-banjur enggone boten weruh tata, banget mbocahake teng kula, gawe mentahe rembug. Kula wong tuwa, calathu kula tetep, yen prakawis sawah: kula boten aweh ditebus, sabab empun kasep.”

Suramenggala tumut urun rembag, “Adhi Bauwijaya, empun dados manaha si adhi. Tumut kula mriki manawi kangge ajeng tumut urun rembag, sarehning Embok Singadrana niku wong

randha boten duwe, pantes dipun welasi, napa malih kaliyan tangga, wajib tulung-tinulungan. Saking rembag kula, sawah ditebus dika ulungake, dhuwite adhi bali empun bathi nggarap sabin kalih oyod. Dene wektune kasep sawengi, adhi kenging nedha pituwas samurwate teng Embok Singadrana minangka dhendhane ngantos kasep anggening nebus.”

[36] *Wicantenipun Bauwijaya, “Ajeng randha, ajeng boten, preduli napa. Tangga, enggih tangga, rembug dhuwit, enggih dhuwit. Empun dicarup mawon. Lan malih welas sarta tutulung teng wong liya niku kangge kula kirang prelu, sabab dereng mesthi kang ditulungi wau ing tembe males kabecikan teng kula. Yen dhewekke kekah ajeng nebus sawahe, kula gih aweh, nanging sawidak rupiyah, kiranga sigar kula boten.”*

“Manawa semonten panjaluke adhi, rasa kula boten murwat, pundi onten wektu kasep sawengi dhendhane telung puluh rupiyah, padha kalih babone.”

“Gih murwat botena preduli napa, sinten ajeng malangi ngregani duwek kula dhewe.”

Suramenggala kupingipun njepiping, rai abrit, dhadha mak dheg, kados tinotog alu. Sampuna adhasar watek sabar santosa menggak nepsu, raosing manah kados jebles anempiling. Wusana nepsunipun sinamun ing ulat manis, lajeng pamit wangsul kaliyan ngigit-igit. Embok randha manahipun dereng na[37]rimah, nunten kesah nedha leleresan lurah dhusun, Bauwijaya dipun undang sampun dhateng. Kalih-kalihipun kapriksa, aturipun cocok kados kasebut ngajeng.

Pangagenging dhusun nerangaken kalepatanipun Embok Singadrana anggening badhe nebus sabin sampun kasep, nanging sabab saweg sadalu, lurah suka pratikel: tiyang kalih supados rurukunan sami ugi kaliyan pamanggihipun Suramenggala, kaseping wektu sadalu Embok Singadrana cekap nyukanana pituwas dhateng Bauwijaya saringgit. Bauwijaya kekah pikajenganipun boten kenging kaendhakaken, wicantenipun,

“Mas Lurah, sampeyan sampun ilon-ilonen, boten prelu ngengeti randha, mlarat, tiyang sanes utawi sadherek, namung

kedah netepi wajibing lurah jejeg adil pancasaning prakawis, ngawonaken tiyang ingkang lepat, menangaken ingkang leres. Dhodhoking prakawis punika sampun terang leres lepatipun, pedah punapa badhe sampeyan udhari dipun ken rurukunan.”

Wicantenipun Bauwijaya makaten wau njanget manahi[38] pun lurah, nanging boten kawiyak, api-api suka bingahing manah, wicantenipun alon,

“Kakang Bauwijaya, dika empun kalintu tampi, nginten yen kula ngiloni Embok Singadrana. Anggen kula aken rurukunan enggih netepi kawajiban, murih raharjaning desa ampun nganti onten pasulayan. Dene boten gelem karukunake gih empun, sawah tetep dadi duwek dika. Embok Singadrana kudu narima kawon ilang sawahe. Kajaba saka niku yen salah sawijine onten kang dereng narima teng pancasaning prakara niki, kena sumengka nyuwun bebeneran teng pangadilan luhur.”

Lajeng bibar.

Wangsulipun embok randha kalayan susahing manah lajeng manggihi Suramenggala, nyariyosaken karampunganing prakawis kaliyan ngulungaken wangsul arta ingkang kalih ringgit, sabab boten estu kangge nebus sabin. Inggang dipun cariyosi manahipun tumut nalangsa, wicantenipun,

“Dhi, ilange sawah niku empun dika prihatinake, [39] lan dhuwit kula kalih ringgit dika epek kangge ngimbuhi dhuwit kang salawe rupiyah, benjing ngajengaken mangsa labuh katumbasna sabin sewan saoyod, apese angsal tigang iring, garapane kapalihna mawon, narimah kasil sakedhik, nanging mayar pagaweyane, manawi pinaringan wilujeng mangsa ngantosa kawan taun, adhi temtu saged tumbas sabin yasan ngungkuli sawah kang ilang niku. Dene prakara sandhang-tedha lan pamulasarane Dapa kula kang ngrasakake. Kajaba saka niku manawa rujuk, adhi becik ngalih nunggil sagriya ngriki, omahe adhi diedol mawon sapayu-payune kangge ngimbuhi pawitan tuku sawah.”

Pirembagipun Ki Suramenggala katampi kalayan bingahing manah, piyambakipun rumaos dipun gegesang karoban kasaenan, nanging wonten ingkang damel pakewed, ciptanipun,

“Iya, pitutur lan pangajake kakang Suramenggala supaya aku ngalih mrengs, dak rasa-rasa bener, kabeh murih slamete awakku. Saupama ora dak turuti mesthi suda tresnane marang aku, yen dak turut mara[40]kake kurang kajen, aku dianggep bau sikile lan ora disapirakake ing akeh, kaya ujare wong tuwa, ‘wong mondhok kecenthok-centhok, wong ngenger kecenger-cenger.’”

Sasampuning ngangen-angen makaten lajeng mangsuli kangge samudana nyakecakaken manahipun Suramenggala, wicantenipun,

“Sanget panarimah kula dhateng sih-pitulungan sampeyan, sudi ngukup ngraup dhateng kula tiyang sudra papa, lair batos sumedya nglampahi. Nanging kula nedha sareh ngentosi telasing sedhekahipun tiyang jaler, sabab nalika badhe ajal tilar weling, kula boten kenging pindhah medal saking pakarangan ngriku saderengipun sedhekah nyewu, sukur saged tetep salaminipun, awit saking punika, kula ajrih sanget nerak piwelingipun, kuwatos ing tembe wonten halatipun.”

Suramenggala jaler-estri kendel, ing batos ngalem bektinipun Embok Singadrana dhateng bojo, ngantos pejah piwelingipun taksih dipun estokaken.

Sadinten punika bok randha boten nyambut damel, ma[41] nahipun sedhik badan karaos lesu, lajeng pamit wangsul ing griya tileman kemawon, pun Dapa dolanan piyambak, ngglibed ing sandhingipun. Embok Suramenggala kengkenan ngeteri sekul sak lawuhipun, nanging Embok Singadrana boten nedha, ingkang kamanah boten sanes, namung icaling sabin sarta sakiting manah, rumaos dipun sawiyah sanget dening Bauwijaya. Sabab saking sangetipun cengeng ngangen-angen sakiting manah, dumadakan kados wonten ingkang ngosikaken, manahipun dados padhang narawang sarta medal tekadipun gumolong pasrah ing Pangeran, wicanten piyambakan makaten,

“Luput banget enggonku miduwung marang barang darbekku kang wis kabanjur uwal saka gegemanku, sanajan banget olehku nalangsa, tuwas ngrusak awak nggerringake pikir, mangsa baliya. Luwih prayoga aku temen-temen nyenyuwun ing Gusti kang Maha Luhur lan taberi nyambut gawe, bok manawa lawas-lawas katutugan duwe sawah maneh angungkuli sawahku kang uwis ilang.”

Boten antawis dangu kapireng swaraning sawung kaluruk ra[42]me, mratandhani manawi meh gagat rahina, Embok Singadrana medal ing latar ningali mangetan sumirat badhe byar enjing, lajeng kesah dhateng lepen ngangsu, tuwin resesik salebeting griya, pawon, mamasuh kados adatipun. Sareng sampun rampung, tumunten mangkat dhateng griyanipun Suramenggala badhe berah nggentang.

Artanipun tigang dasa rupiyah dipun ulur-ulur kangge pawitan, ingkang salangkung rupiyah katumbasaken sabin saoyod pikantuk tigang iring, lajeng kapalihaken dhateng tiyang tani tangganipun. Dumugi mangsa panen nampi pantun palihan nem anggi, kasade ing wektu pailan pajeng mitung rupiyah, dados salebetipun setengah taun artanipun embok randha sampun kawandasa kalih rupiyah. Lajeng kasewakaken sabin malih angsal sabau langkung sairing. Dene kakantunanipun arta pawitan ingkang kalih ringgit katumbasaken menda angsal kalih, dipun titipaken janji malih anakipun. Sarehning sadaya kabetahanipun kasangga dening Suramenggala, dados tang[43] kar-tumangkaring arta papajengan pantun kaliyan menda wetah, lami-lami ngalempak kathah njalari sughipun.

Kacariyos Pun Dapa sareng sampun umur nem taun, warninipun wewah sae, kulit kalimis tanpa cacat, badan bagas kasarasan, manahipun lantip, saben dinten dolanan kaliyan lare kathah, wiwitipun ngremenaken sanget. Anggenipun dolanan boten tebih, ngolah-ngalih namung ing latar tuwin wonten sakiwa tengening griya kemawon, karemenanipun sulapan ing lebu, pong-pongan, panggalan, gobag saha sanes-sanesipun, ngantos srengenge ngombang saweg sami bibar, nunten dipun edusi,

santun pangangge ingkang resik, bakda nedha, tilemipun kepatos jalaran saking sayah. Nanging saya ageng dolananipun saya tebih, kaajak kanca-kancaipun kalambrangan ing saenggen-enggen, sami nindakaken pratingkah awon. Pun Dapa kawonan sanget, sami-sami kancanipun dolan kalebet alit piyambak, anak randha lan boten nate dipun sukani arta biyungipun. Damelipun kangge kengkenan lare kathah tumbas jajan, mbebe[44]kta kados punakawan, epahanipun namung tetedhan sacakotan, manawi lepat utawi boten purun kakengken lajeng sami dipun kerengi kaundhamana ngangge tembung ingkang boten pantes kapiirengaken, anyenyangking tiyang sepuhipun terkadhang pinisakit.

Lare-lare dolan wau asring kemawon anglampahi pandamel awon, amemejahi tuwin nganiaya kewan tanpa dosa, ngundhuh susah peksi, mbalangi kodhok, nyathok kinjeng saha sanes-sanesipun. Menawi mejahi sawer sok lajeng kapasang ngalang margi nunten katilar umpetan, murih ndamel kagetipun tiyang langkung. Upami ingkang kaget wau tiyang estri kakinten boten saged damel piawon piyambakipun, lajeng dipun suraki kaliyan keplok-keplok. Manawi tiyang ingkang dipun suraki nepsu sarta murugi, enggal katilar lumajeng asurak-surak, mimisuh tuwin ngatingalaken solah tingkah saru ndamel wewahing pamuring-muringipun. Kala-kala sok masangi tiyang langkung ngangge eri utawi rereged sapanunggilani[45]pun. Malah asring purun memoyoki dhateng tiyang gruwung, pincang tuwin nasaraken lampahipun tiyang picek.

Wonten malih karemenanipun lare-lare wau, kopyok, lowok, kenthing lan warni-warni dolanan ingkang mawi totohan. Manawi kawon, lajeng purun mendhet barang gadhahaning tiyang sepuhipun piyambak, nunten kasade kangge pawitan kopyok sarta jajan. Lalampahan makaten punika tumrapipun dhateng lare dados wisa ingkang langkung mandi, nenuntun dhateng babaya ageng. Lare mindhak umuripun, akal tumut wewah, awonipun nyarengi andados, rumesep sumarambah ing badan sakujur, wekasan dhumawah ing tiwas.

Embok Singadrana boten kesamaran dhateng kalakuwaning lare-lare makaten wau, manahipun susah sanget, kuwatos anakipun ketularan awon. Badhe aruh-aruh pakewed jalaran piyambakipun rumaos tiyang randha saweg nandhang papa, temtu panyaruwenipun boten pinaelu, malah manawi boten kaleresan dipun cempaluki lare kathah, pituwasipun namung badhe kawirangan. [46] Lan malih saged ugi andamel kalentu tapi ing tiyang sepuhipun kawastanan dahwen ati open, anuwuhaken wiwinihing pasulayan tuwin gegethingan.

Pamanggihipun embok randha makaten punika leres, sabab limrah manahipun tiyang dhusun cekak, awis ingkang marsudi kasaenan dhateng anak, sanajan kalakuwan anakipun awon, manawi dipun aruh-aruhi tiyang sanes, sok sakit manahipun, awit saking punika Embok Singadrana namung mbudi anakipun piyambak sampun ngantos ketempelan lampah awon, Pun Dupa sageda pisah kaliyan kanca-kancanipun.

Anuju satunggiling dalu saderengipun sirep lare, Dapa mapan tilem, biyungipun wicanten,

“Dapa, anakku mung kowe, ngger. Aja katungkul dolan yab-yaban tanpa dunung nglakoni panggawe ora becik. Saiki anakku wis gedhe, sedhenge wiwit sinau nyambut gawe ngrewangi biyung golek sandhang-pangan, wayah esuk nyapu jogan karo latar, awan tunggu memeyan pari, aja kongsi dicucuki pitik. Manawa biyung lagi [47] nutu nggusahana pitik kambi ngeludi gabah sing mawut saka lumpang. Yen kowe gelem, biyung mesthi bungah. Dhuwit opahan paron, celengana ing bumbung, besuk dibobok katukokake babon cikben tangkar-tumangkar dadi akeh, banjur diedol kanggo tuku wedhus wadon.”

“Temenan, apa, yung.”

“Ya, temenan.”

“Yen wedhuse dadi akeh, dienggo apa.”

“Anake diedol, dhuwite katukokake gudel.”

“La, celengane ya dadi akeh maneh. Dienggo apa, yung”

“Ditukokake sawah, katanduran pari.”

"Aku banjur sugih, ya, yung. Duwe celengan, pitik, wedhus, kebo, sawah karo pari."

"Iya. Aku ngenger kowe, tunggu omah sambu ngliwetake."

"Biyung jaluk opah apa?"

"Ora njaluk opah, mung nunut mangan bae."

[48] *"Ya, sesuk aku nunggoni biyung nutu."*

Dapa arip, lajeng tilem. Biyungipun bingah, linggih caket dilah kaliyan nganam gelaran mendhong.

Enjingipun embok randha nyambut damel malih kados adatipun, Dapa ngrencangi ngiseni kendhi ing pancuran, ngedalaken kajeng kaepe ing latar tuwin nyapu jogan. Sareng sampun rampung padamelan ing griya, nunten kesah berah nggentang, Dapa mapan linggih caket lumpang nyepeng oprak-oprak nggusahi ayam kaliyan ngeludi uwos bebakan ingkang medal saking lumpang, nata oman, nglempakaken merang saha sanes-sanesipun, tandangipun prigel cukat katingal badhe saged dhateng nyambut damel, entheng bokongipun, sakedhappedhap lumajeng nggusah ayam ingkang nucuki gabah ing memeyan pantun.

Wansi sonten sakendelipun nggentang, Embok Singadrana tampi menir, bekatul kaliyan sekul salawhipun, dene arta naming dipun sukani gangsal sen, lajeng kasukakaken Dapa ingkang kawan sen, kangge isi ce[49]lengan bumbung. Sarehning piyambakipun boten nate nyepeng arta, dipun sukani biyungipun samanten punika manahipun bingah sanget. Ing pundi-pundi krupyak-krupyak celenganipun kabekta, manawi tilem kasandhing.

Sanes dinten pun Dapa tuman, tumut malih ngrencangi biyungipun nyambut damel, boten purun dolan kalambrangan kados ingkang sampun, sabab kuwatos boten dipun sukani arta. Kanca-kancanipun asring ngundang-undang saking katebihan ngajak dolan, nanging Dapa boten purun, lare-lare sami gething ing piyambakipun, lajeng sami rerembagan wicantenipun,

"Ya, kapan Si Dapa melu dolan, aja aweh, ayo padha dikerengi bae."

Wicantening kancanipun makaten punika mitulungi ageng dhateng pun Dapa, piyambakipun saya ajrih nyaket, jalaran kuwatos dipun kerengi, saben dinten akikinthil biyungipun berah nyambut damel ing griyanipun Suramenggala. Watekipun Dapa gemi dhateng arta, boten nate purun jajan utawi tumbas dodolan ingkang boten migunani. Sareng [50] celenganipun radi kathah, dipun bobok katumbasaken babon satunggil, saweg kalih tengah taun babon tumangkar dados kathah, anakipun kasade artanipun katumbasaken menda.

Saben dalu saderengipun tilem, biyungipun sok ndongeng warni-warni bab lalampahanipun manungsa ing alam donya. Inggang kalakuwanipun awon, drengki, angkuh, sumangkeyan, kesed, goroh, remen main, madad sasaminipun, wekasan manggih sangsara. Kosok wangsulipun, ingkang kadunungan watek sae, sabar, temen, taberi, gemi, ngatos-atos, welasan saha sapanunggilanipun, sadaya sami manggih kamulyan. Terkadhang nyariyosaken reka-rekanipun tiyang pados pangupajiwa ingkang sah sarta nyekapi kangge gesangipun, mawi dipun sebataken nama lan padamelanipun. Saangsal-angsal ingkang dipun cariyosaken wau tiyang ingkang wektu punika teksih gesang tuwin kesumerepan anakipun kadosta: nyariyosaken tiyang taberi dhateng tatanen, babakulan, nukang, berah [51] saha sanes-sanesipun. Wonten malih cariyos tiyang pados panggesangan tansah manggih pituna lantaran saking bodho tuwin kesed.

Pun Dapa remen sanget mirengaken dodongengan makaten punika, manawi kaleres wekasaning dongeng, dados mulya, parentuling manah badhe niru, Biyungipun pancen tiyang wicara, talatos sarta saged memulut manahing lare murih kelu dhateng piwulangipun.

Watek lan salah tingkahipun Dapa ndemenakaken sanget, saweg umur sangang taun sampun prigel nyambut damel, kadunungan watak sabar, titi, temen sarta gathekan. Suramenggala tresna sanget ing piyambakipun, ngalem dhateng Embok Singadrana saged amumulang anak.

Wonten tangganipun sumerep, remen sanget gadhah anak kados Dapa, wicanten dhateng ingkang estri, “Bokne, anakmu tuturana dikaya Bok Singadrana muruk marang anake Si Dapa. Aku dhewe ora kober mumulang marga kerep pisah nyambutgawe ing sawah, terkadhang lulungan adoh, dadi biyung kang wajib aweh wuruk, nenuntun marang kabeci[52] kan, nglantih nyambut gawe lan taberi, sabab wiwit bayi kongsi gedhe, bocah iku lulut ing biyung. Awit saka iku wajib ing atase wong wadon nyumurupi kawruh pamulasaraning anak, krana dheweke kang bakal kejibah.”

“Inggih, pakne, kula empun nyandhak teng karep dika, nanging kepripun, anak dika Si Gombak niku nek kula tuturi boten nggugu, malah sok wantun, banget enggene megelaken manah. Kala wingi kula ken mendhetake kajeng, malengos kalih ngempreti. Kula parani ajeng kula cethoti sing nganti geseng, dheweke lumajeng asipat kuping. Sareng empun adoh, mandheg amalangerik, nantang ngajak balapan, lajeng kula oyak ngangge gantar, dheweke lumajeng malih, sareng adoh, mandheg ngisin-isin lan ngiwi-iwi. Saben kesah dolan sadinten muput, bali-bali yen wetenge karaos luwe, teksih adoh cangkeme empun wak-wakan nedha sekul.”

“Ya kuwe, sabab kaseb pamulange, wiwit cilik o[53]ra tau mambu wuruk, bareng gedhe kepatuh dadi bocah mbeler ora weruh kabecikan. Besuk maneh yen ngono aja tumuli diwehi sega, cik ben nganti palinteran luwe banget, banjur konen mangan kokoh banyu bae supaya kapok.”

“Gih, niku, pakne. Kula niki boten tegan, bareng ningali bocah bali wetenge nglempet keluwen, manah kula melas, gih lajeng kula pendhetaken sekul sawarege. Manawi boten enggal kula wehi, sok amuk-amukan, mendhet tugelan banon kangge mbalangi. Winginipun meh mawon rai kula kenging balang, tujunipun kaling-kalingan saka deling, ampuna ngoten temtu balange ngengingi bathuk.”

“Iya. Sapa wonge sing ora dhemen marang anak, nanging yen lagi ana prelune ngapokake bocah, becik tegakna, mangsa dadak lantaran keluwen sedhela ndadekake patine, rak ya ora.”

“Gih ta. Benjing malih kula cobine.”

Wiwit punika, manawi pun Gombak boten manut wuruking [54] biyung, dipun ukum, kasukanan nedha kokoh toya tanpa sarem, mangsanipun kasep. Arta boten nate dipun sukani. Lami-lami kapok, mantun anglampahi pandamelan awon, dhateng tiyang sepuh ajrih asih, purun ngrencangi nyambut damel manut saparentahing bapa-biyung. Sareng sepuh dados pipilahaning tiyang sae.

Sasampuning Dapa umur sadasa taun, kadadosaken pangonipun Ki Suramenggala angen maesa sarakit, janji salebetipun ka1ih taun badhe dipun sukani gudel satunggil, sandhang kaliyan tedha pikantuk. Pun Dapa purun nglampahi kanthi bingahing manah, awit gadhah pangajeng-ajeng badhe tapi ganjaran gudel. Biyungipun inggih rujuk, supados anakipun gadhah padamelan ingkang temtu, minangka panyegah anggenipun remen dolan tuwin ngiras sinau mulasara kewan rajakaya.

Ing wanci byar enjing Dapa kesah ucul nggiring maesa dhateng tegil pangenan, kapernahaken ing panggenan ingkang rumputipun ketel sarta ijem, dumugi srengenge me[55]mpeng kalirigaken, maesa kauger ing buritan, lajeng ngresiki kandhang nyoroki talethong dipun kalempakaken ing panggenan kiwa. Saubenging kandhang sinaponan resik, nunten nyepakaken larahan, bugel, blowah sapanunggilanipun ingkang garing badhe bedhiyan mangke sonten. Bakda bedhug ucul malih bekta bathok pirantos guyang dipun kalungaken ing gulu maesa. Sareng asar andhap maesa kagiring dhateng lepen dipun guyang resik, lajeng lirig kalebetaken kandhang dipun tedhani rumput utawi damen. Slarakipun katutupaken dipun pathoki kekah, nunten ndadosaken bedhiyan ing ngajeng kandhang kukusipun kemelun. Muring, lemud, laler, pitak, sami kesah tebih.

Ing nalika maesianipun nyenggut wonten pangenan, Pun Dapa dhasar lare gathekan sregep nyambut damel, piyambakipun ngeyub ing ngandhap kakajengan ayom, nyambi damel tambang (dhadhung), pecut, ugi saged damel dodolanan saking lempung, kados-ta: topeng, kebowan, sapen, tuwin wawadhahan warni-warni pirantos pasaran lare-la[56]re estri. Dadamelanipun laris sanget, dipun tumbasi kancanipun lare angen lan lare-lare estri, sadintenipun nampi arta ngantos gangsal sen terkadhang langkung. Sasampunipun radi eyub, ngarit rumput sapikantukipun, dipun bunteli. Sareng lirig kabekta wangsul dipun tumpangaken ing gigir maesa badhe kapakakaken manawi sampun wonten kandhang. Ki Suramenggala manahipun sakalangkung bingah ningali maesianipun lema-lema sarta kalimis, sabab pangonipun gumatos, sregep ngguyang tuwin ngaritaken, mila pun Dapa dipun tresnani sanget, anggenipun nedha tuwuk sarta eca, panganggenipun wetah, malah rangkep gadhah pameran.

Sareng jangkep kalih taun anggenipun Dapa dados pangon, ing satunggiling dinten pekenan, Dapa kaajak dhateng peken kewan, dipun tumbasaken gudel estri satunggil regi tigang dasa rupiyah minangka epahan anggenipun angen maesa. Pun Dapa bingah sanget, saya sregep saha gumatos dhateng maesianipun.

Nuju mirah regining raja kaya maesa, celenganipun kabobok sampun nglempak salangkung rupiyah, nunten kang[57]ge tumbas gudel angsal satunggil, sapunika Dapa gadhah gudel kalih, menda lan ayamipun kathah.

Ki Suramenggala wicanten dhateng anak-anakipun, “Mara delengen, saiki Dapa dadi bocah sugih. Ngendi ana bocah kang madhani dheweke, ing atase sadinane racak mung nyelengi telu utawa patang sen, sajroning patang taun ngalumpuk salawe rupiyah bisa oleh gudel siji, wedhuse kang diparokake dadi wolu, babone tangkar-tumangkar ngebaki pranji. Apa kowe ora padha kepengin kaya Si Dapa. Mara etungen, dhuwit kang kojajakake lan kanggo tuku dolanan, manawa kocelengi mesthi kasugihanmu

ngungkuli Si Dapa, sabab ing dalem sadina racak ora kurang saka limang sen. Sarehning wis tetela sumurupmu, kalumpuking dhuwit sathithik kang tanpa kendhat kaya ilining banyu etuk iku lawas-lawas dadi akeh, mulane kowe dipadha gemi. Wiwit saiki wis ora dak wehi dhuwit maneh saliyane sing bakal kocelengi. Kapriye apa kowe padha saguh nyelengi?"

[58] Anak-anakipun sami mangsuli sagah, awit raosing manah langkung sae nyelengi tinimbang kaliyan boten dipun sukani arta babar pisan.

Bapakipun wicanten malih, "Sukur, engger, yen kowe padha nurut. Wiwit dina iki sadinane uga dak wehi nglimang sen, besuk ing wekasaning taun kabobok. Sapa sing celengane akeh dhewe, dak ganjar gudel siji."

Anak-anakipun Suramenggala katiga pisan mantuni anggening ngeceh-eceh arta, kados ingkang sampun, lajeng damel celengan bumbung tigang eros gandheng dados satunggal, kapaku kaliyan saka guru. Saeros nginggil piyambak celenganipun pambajeng, ingkang celenganipun pandhadha, dene wuragilipun ing ngadhap piyambak. Saben dinten lare titiga wau dipun sukani arta nggansal sen, lajeng kalebetaken ing celenganipun piyambak-piyambak. Sabab lare titiga wau sami ngangkah ganjaran gudel, sasaged-saged mbudi murih indhaking artanipun. Sareng celenganipun sampu[59]n radi kathah, nunten kabobok, wonten ingkang kangge tumbas ayam, kambangan utawi pantun. Ing wasana dumugining wekasan taun lare titiga kaganjar gudel nyatunggal sadaya.

Wiwit ing wektu punika salajengipun, boten mawi kaebang ganjaran malih, sabab sampun matuh sami remen nyelengi, ngindhak-indhakaken arta lantaran kangge tumbas punapa-punapa ingkang damel kauntungan sarta sami gadhah maksud kepingin sugih. Dene ingkang dados luguning karemenan amung tatanen tumbas sabin oyod-oyodan, garapanipun teksih nunut tiyang sepuh. Nalika samanten, Suramenggala jaler estri manahipun sakalangkung bingah kados manggih pendheman kancana sak klapa tabon, sabab ningali anakipun mbangun

turut, calon pikantuk bagiyon kamulyan ing donya ingkang linangkung. Nuntem sami muji sukur ing Pangeran ingkang Maha Agung lan suka panarimah dhateng Embok Singadrana kaliyan Dapa, jalaran sagedipun mumulang anak makaten wau mendhet tuladha saking piyambakipun.

[60] Wektu samanten embok randha sampun nama cekap, anggenipun nyewa sabin saya ngreda ngambra-ambra, saben usum boten kirang saking nem bau. Dene nampinipun pantun palihan sakedhikipun sangang amet. Kajawi saking malihaken sabin, piyambakipun asring nebas⁴ pantun ing sabin tuwin meken⁵ reginipun saanggi kirang langkung gangsal rupiyah. Sareng mangsa pailan dipun uyang⁶ aken, saanggi pajeng nenem utawi pitung rupiyah. Saking reka makaten punika kauntunganipun Bok Singadrana saben taun langkung kathah njalari sughipun. Ewa samanten piyambakipun boten ngewahi adat andhap-asor saha lestantun anggenipun sok tutulung nyambut damel ing griyanipun Suramenggala.

Sareng Dapa sampun umur gangsal welas taun, katrapan padamelan nagari kados kuli ingkang kathah, nanging piyambakipun boten saged nglampahi awit saking repot padamelan ing griya, lajeng mberahaken sataun tigang ringgit. Ing dhusun ngriku limrah mastani kuli [61] nanem, kajawi saking punika, nedha medal saking pangen, badhe sinau tatanen ngocal sabin, tegil, mulasara griya tuwin pakarangan. Nunten pados tiyang cancingan satunggil dipun purih ngrencangi nggarap sabin, tuwin samukawis padamelan ing griya. Pangen ugi gadhah satunggil, manut pranataning dhusun, nyukani sandhang-tedha tuwin gudel satunggil sasampuning kalih taun. Gudel satunggal punika etangan saking maesa satunggal ingkang dipun engen. Ki Suramenggala inggih lajeng pados pangen malih kangge gentosi pun Dapa.

⁴ = nebas = tumbas pantun adegan ing sabin.

⁵ meken = tumbas pantun ing peken

⁶ nguyang = tumbas pantun.

Menggah yektosipun sareng Dapa kendel saking dados pangen, Ki Suramenggala repot sanget, sabab boten saged angsal pangen ingkang tumemen lan gumatos dhateng ingah- ingahanipun kados Dapa, langkung malih manawi pinuju madamel maluku utawi nggaru, pangon gentosipun boten saged ngrencangi nglampahaken. Maesanipun radi kera tuwin kirang rosa jalaran pamulasaranipun kirang sae. Ananging sanajan sanget karepotan, [62] kendelipun Dapa saking pangen lajeng jumejer nggaota piyambak, inggih ndadosaken suka bingahing manahipun, boten beda kaliyan ningali anak sampun wiwit kuwawa misah gigriya piyambak. Mila lair batos tansah muji sukur ing Gusti Allah anggenipun paring kamirahan dhateng anakipun pupon.

Bab taberi lan ngertosipun Dapa dhateng tatanen, ing Dhusun Sidamulya sampun ingkang nyameni, saweg memper kemawon saestu langka. Wanci enjing umun-umun sampun kesah dhateng sabin, srengenge mepeng wangsul nedha lajeng ngaso sekedhap, bakda bedhuk kesah malih, ngantos asar andhap. Manawi garapanipun sabin sampun rampung ningali Ki Suramenggala karepotan, boten mawi kajawab dipun tedhani tulong, nunten tumandang ngrencangi nyambut damel ngantos rampung.

Ing saselanipun nggarap sabin, inggih punika wektu lebar tanem kaliyan bakda matun, tiyang tani kathah ngangguripun, ingkang limrah sami ngaso, dolan-dolan, kekesahan tuwi-tinuwi dhateng sanak sadherekipun ingkang [63] tebih. Nanging Dapa boten makaten, bab tutuwi sanak-sadherek, namung sakedhap mbujeng perlunipun kemawon, sanja-sinanjan andon omong- omong ingkang tanpa pedah boten remen, piyambakipun sungkan nganggur lenguk-lenguk ngekep dhengkul, mbanda tangan utawi sedhakep, wonten ing griya: ceg nyepeng pacul ndhangir pakarangan tuwin nanem punapa-punapa ingkang medal kasilipun, ndandosi griya, pager saha sanes-sanesipun.

Kasagedan lan kataberiniipun Dapa boten nilar tiyang sepuhipun, saged dadamelan warni-warni sarta sae, kados ta:

kranjang, rinjing, cething, irig, tepas, tampah, tambir, iyan, wuwu, susug, irus, siwur, centhong, kelud, sapu, kesed, tambang (dhadhung) sapanunggilanipun. Ugi saged nggarap padamelan bangsa kajeng, damel griya lan samubarang pirantos ingkang perlu kaangge tiyang dhusun. Malah asring piyambakipun sareng nyambut damel kaliyan blandhong mborong damel griya, gebyog, kori sasaminipun. Artanipun borongan kabage radin.

[64] *Kala samanten, kasugihanipun Bok Singadrana sampun misuwur ing manca dhusun, gadhah arta, sugih pantun, rajakayanipun kathah. Limrahipun tiyang kathah sami nyebut: randha sugih, utawi Dapa sugih.*

Bok randha sampun ayem, sabab boten kikiranngan sandhang tedha, anakipun sempulur gumatos dhateng tiyang sepuh, kantun saprakawis ingkang tansah dados manah, inggih punika anggenipun kepengin nyawang anakipun emah-emah dereng kasembadan, ing batos sanget kumacelu dipun ladosi anak mantu. Sampun kaping pinten-pinten biyungipun tuwin Suramenggala jaler estri ngrerimuk murih puruna nglampahi emah-emah, awit ing atasipun lare dhusun umur pitulas taun sampun pantes sinau gegriya piyambak, punapa malih tumrapipun lare wekel taberi lan boten kikiranngan, saya mungguh sanget upami puruna emah-emah. Kajawi saking punika, mumpung taksih katenggan tiyang sepuh wonten ingkang tetulung ngguhaken manawi wonten lampah ingkang boten prayogi.

Sakathahing pangrimuk boten migunani, Dapa sanget wang[65]kod boten purun nglampahi pakening biyung bab emah-emah, wangsulanipun panjang angalur-alur mawi nerangaken sababipun boten purun. Inggang sapisan; teksih kenemen, dereng pantes ajajodhon. Kaping kalih; kaskayanipun sakedhik, manawi emah-emah tamtu wewah rerengganing gigriya damel kuwatos dados jalaraning kacingkrangan. Kaping tiga; dereng manggih lare estri ingkang dados cocoging manahipun. Mila sedyaning manah badhe kasarehaken rumiyin, tata-tata kikirannganipun, ngrasa gaota tatanen mewahi wiyaripun sabin. Badhe damel griya sarta angwontenakem isinipun ingkang pantes, mepakaken

sandhang pameran sapantesipun kangge wonten pasamuwan. Salaminipun makaten kaliyan miling-miling pados lare estri timbanganipun.

Menggah padosipun lare estri badhe titimbanganipun wau beda kaliyan lare nem-neman ingkang kathah, limrahipun pados ingkang warninipun ayu lan anakipun tiyang sugih. Nanging Dapa boten makaten, bab warni narimah uger pantes, mlarat boten dados punapa, namung perlu [66] angsal titimbangan lare ingkang ngertos, manah tulus, taberi, gemi, open, welasan, ngatos-atos tuwin kalakuwan ingkang nurunaken sae. Mila tiyang sepuhipun tumut katiti, awit piyambakipun ngengeti ungeling babasan: kacang ora tinggal lanjaran, manawi lalampahanipun ingkang nurunaken awon, anakipun inggih awon.

Biyungipun sarta Suramenggala jaler-estri boten saged mangsuli, jalaran rumaos kalindhih ing seserepan. Wusana dipun sakajeng anggening emah-emah ngentosi sasampuning medal kaniyatanipun piyambak.

Sabab saking titi pamilihipun, pinten-pinten lare estri ingkang katawekaken, tinampik, warni-warni cacad ingkang murugaken boten remen, wonten ingkang ayu warninipun, kacacad ajrih ing damel. Ingkang taberi boten gemi. Wonten gemi kesangeten awatek cethyl, saweneh dipun wada remen saba tangga, boten open, brangasan saha sanes-sanesipun.

Tiyang ingkang gadhah anak jaler sami pinarsudi nulad kalaku[67]wanipun Dapa, dene ingkang gadhah anak estri sampun diwasa medal karekating manah remen badhe mendhet mantu. Biyungipun lare estri sok sanja dhateng griyaning bok randha (Bok Singadrana) terkadhang kengkenan tiyang sepuh rewa-rewa dolan utawi taken punapa punapa kangge lantaranipun gineman, underaning ginem gumathok ngajak bebesanan. Bok Singadrana mangsuli pasaja, sampun remen sanget gadhah anak mantu, ananging anakipun sanget puguh boten miturut tiyang sepuh, mila dipun sakajeng sapurunipun piyambak.

Dumugi mangsa labuh Dapa anggenipun nggarap sabin mindhak wiyar, ngantos numbasi sabin ing tangga dhusun, wonten ingkang dipun palihaken, kagarap piyambak tuwin kagarap tiyang berahan. Ing mangsa panen pantunipun tumpuk angundhung-undhung, dumugi wektu pailan kasade pepajenganipun kathah boten mawi kesah saking griya, sabab sareng sampun kasumerepan dening para bakul uwos, ingkang nguyang sami dhateng piyambak numbasi. Dapa lajeng tumbas sabin malih badhe kaocal taun ngajengipun.

[68] *Dene lampahipun bakul uwos wau, wonten ingkang mbayar kenceng, wonten malih pambayaripun sasampuning pantun ingkang kapendhet dados arta (ngalap nyaur). Lantaran saking kawelasanipun Dapa, pinten-pinten bakul uwos ingkang dados mulya, kathah tiyang tani mlarat ngungsi gesang berah maꦏꦸꦭ utawi malih sabinipun.*

Padamelanipun Bok Singadrana ngrencangi anakipun, reresik ing griya, bebenah, ngopeni samukawis ingkang kumlendhang, gumlethak ing saenggen-enggen, matrapaken rencangipun sami nyambut damel, ocal-ocal tuwin nyade pantun. Kala-kala tumut dhateng sabin nenggani tiyang nyambut damel mluku, nggaru, tanem, matun lan wektu nderepi.

Sareng sampun nyepeng arta kathah kajawi ingkang kangge pawitan tatanen, piyambakipun damel griya gebyog ageng kalih iji (griya wingking lan pandhapi) ing antawisipun kaadegan kampung, balunganipun kajeng beton payon gendheng, pasang rakiting griya sarta rerenganipun boten kuciwa, ing atasipun wonten ing dhusun kalebet sae piya[69]mbak, sabab Dapa saged dados tukang kajeng, boten kikirangan wragad, sanajan griyanipun lurah kasoran boten paja-paja nyameni. Ing sisih kiwa leresipun griya wingking kaadegan gandhok, sisih kiwa radi wingking pawon, ing sisih tengen leresipun pandhapi kaadegan langgar ageng sarta inggil, caketipun wonten sumur mawi kolah kebak isi toya, kandhang maesa, menda, pranji wonten wingking radi tebih.

Ing wektu punika umuripun Dapa kalih dasa taun lumampah, sampun birai, krekating manah sumedya emah-emah, kangge wragat tuwin kaskayanipun sampun cekap, kantun ngentosi angsalipun lare estri ingkang badhe dados titimbanganipun.

Ing satunggiling dinten kaleres mangsa panen, Dapa kesah dhateng sabin nenggani tiyang derep. Biyungipun sarta Bok Suramenggala tumut wira-wiri ing wingkingipun tiyang derep, ngelikaken menawi anggenipun nderepi boten resik, dene pun Dapa ngadeg wonten galengan ngawasaken pantun tumpukan ing galengan, kaliyan ngopeni sanesipun. [70] Dumadakan kados sampun pinasthi pinanggihaken kaliyan lare estri badhe jodhonipun, sareng piyambakipun ningali ing pernah padoning kothakan sabin, ing ngriku wonten lare estri satunggal saweg derep, kinten umur nem belas taun warninipun sae, dedeg cekapan, kulit jene, ulat manis semu sabar. Anggenipun nderepi boten rikat, nanging nggliyeg tanpa kendel, titi lan ngatos-atos, sanajan pantun sawuli ingkang langkung lembut sumlesep ing kuwelan damen, dipun pendeng kaeni, pandekeking pantun ririh, supados gabahipun boten gogrog. Kaleres piyambakipun sumerep wonten pantun sajatha dhawah ing galengan, agahan kapendhet dipun lebetaken ing poncotan slendhang badhe kabekta mantuk.

Dapa manahipun kasengsem ningali warni lan salah tingkahipun lare estri wau, ing batos makaten, "Opene marang pari sajatha iku dadi titikan kang perlu banget ingatase kanggo nyumurupi watek open lan gemi. Sabar, titi ngati-ati, bisa katitik saka pasemon lan salah tingkahe. Yen kebener bocah kuwi be[71] suk dadi tutungguling wong wadon. Mungguh ayune ora pira, nanging dheweke luwes, sumurup sarta rumeksa marang uripe, tandhane: sing wis kalakon lumrahe wong derep ora mangkono, sok padha ngrebut pari sing lemu-lemu lan ora kuwelan, perlune gampang olehe ngeneni, oleh-olehane akeh. Ajaa kepeksa dikon utawa wedi disrengeni kang duwe sawah, pari kang wuline lembut sarta kaslesep panggonane, mesthi ditinggal bae. Malah wong sing ora demuwe, Manawa kalimpe sing duwe, pari kang mangkono iku diiles bae kasasaban damen murih aja kongsi

konangan, yen enggone ngeneni ora resik, apa maneh pari jathan diopenana. Awit saka titikan pari sajatha iku, kaya-kaya ora nalisip pethekku, yen dheweke bakal bisa omah-omah.”

Sasampunipun ngangen-angen makaten, lajeng kesah nyaketi Bok Suramenggala pinuju linggih ngaub ing gubug, nakekaken lare estri wu sinten nama griyanipun, ingkang gadhah anak tuwin kalakuwaning tiyang sepuhipun.

[72] Bok Suramenggala eram mireng pitakenipun Dapa, nginten menawi piyambakipun sampun kajeng emah-emah, sarta remen dhateng lare estri punika. Wangsulaniipun, “Bocah wadon kuwe arane Tentrem, sing anak-anak Darmadrana, kebayan Sidimulya. Lan Darmadrana mau sadulure lanang mas lurah kene kapernah adhi elet siji, karo aku sadulur nak-sanak kapernah enom. Mungguh kalakuwane kalebu becik-becike wong Sidamulya, kabeh wong sadesa padha dhemen sarta ngajeni ing dheweke. Dene Si Tentrem lagi umur nembelas taun, pantarane anakku pambarep lair tunggal sawengi ing dina malem Kemis Legi wayah bangun raina. Kowe durung tau weruh, layak. Sabab Tentrem panci arang metu saka ngomah jalaran saka repot kabotan pagaweyan rerewang wong tuwane, momong adhine, reresik bebenah, olah-olah. Saben dina wis ora ana nganggure lan tan pamecut,⁷ sabab awit cilik-mula pedhes pamardine marang pagaweyan. Embokne bakul beras, saben dina pasaran iya lunga menyang pa[73]sar, ulihe kongsi bakda bedhug. Dene bapakne mung tatanen bae ngolah sawahe, kala-kala nglakoni pagaweyan nagara. Darmadrana kuwi lanang wadon kalebu pinter lan taberi ing gawe, nanging mlarat, sabab sugih anak, atine pradhah, kebrukan sanak sadulure, anak-anake keponakan kang kanlangsan padha ngungsi urip ing dheweke, apa maneh dikedugani wong akeh, dhayohe bruk-brukan ora ana lerene. Sabab saka welasan ati, rilan, dadi sugih sadulur lan mitra becik. Kena dak arani sugih ora simpen, mungguh nyatane mlarat,

⁷Tan pamecut = tanpa diparentahi.

nanging manawa ana kabutuhane, sadhela bae oleh pitulungan. Dapa, saiki aku genten takon, perlune apa, kowe nakokake bocah wadon iki, apa kowe wis kapengin omah-omah, lan apa dhemen marang dheweke.”

Wangsulanipun, “Boten punapa-punapa.”

Lajeng kesah nenggani tiyang derep malih, mripatipun tansah [74] mancer ing pernahipun Tentrem, ningali anggenipun derep saking katebihan. Sadangunipun kawaspaosaken boten wonten solah-tingkah ingkang ndamel gelaning manahipun. Nanging Tentrem boten nyana manawi dipun tontoni. Tiyang sanes boten nggraita, namung Bok Suramenggala manahipun sampun nyandhak dhateng pikajengipun Dapa, lajeng ngundang Bok Singadrana kaajak ngeyub ing gubug.

“Dhi, Bok Singadrana, dika mriki sakedhap mawon.”

“Mangke rumiyin, yu, saweg ketanggelan ngeneni pantun janggar kekum ing toya.”

“Bok empun, leren dhisik enggone ani-ani.”

“Gih, ta, yu, arep ana perlu apa, kadingaren undang-undang.”

“Anu dhi. Si Dapa semune empun kepingin omah-omah.”

“Lah, empun boten mawon yu, kula boten pitados. Wong wateke aneh, boten sami kalih lare-lare nem-neman kang kathah. Menggaha sanese Dapa, empun samanten tuwane enggih empun gadhah anak sa[75]tunggil utawi kalih. Nanging dheweke wangkod sanget saben kula tari rabi lajeng necek jengkel, mulane sak niki kula sakarep mawon.”

“E, adhi kok maido. Entas mawon dheweke teka mriki nakokake Si Tentrem. Nika, lo, bocahe wadon sing nganggo klambi lurik kembang blimbing aslendhang modang tengah putih. Saempune kula jateni jenenge, umure, wong tuwane, lan liya-liyane, dheweke katon bungah. Bareng kula takoni sejane, boten gelem tutur balaka semune isin, lajeng kesah nenggani tiyang derep malih. Daweg, ta, dhi dika awasake saking ngriki, tingale Dapa mancer teng pernahe Tentrem mawon, lakune klintar-klinter boten adoh saking ngriku. Mungguh gagasan kula kados boten badhe nyimpang sarambut, yen dheweke duwe karep

dhateng Si Tentrem. Lo, dhi, daweg dika tingali, napa adhi teksih boten ngandel."

"Kula sampun ngandel, yu, enggih sokur, dhasar sampun lami kula kepengin diladeni anak mantu."

[76] *"Kula gih ngoten, sanajan Dapa niku dudu anak kula dhewe, nanging raosing manah kaya teng anak kula pambarep."*

"Bakyu, kula dereng sulang teng bocah wadon niku lan wong tuwane."

Bok Suramenggala lajeng njalentrehaken kados nalika mangsuli pitakenipun Dapa. Bok randha bingah ing manah, muji sokur lan ngajeng-ajeng lulusipun dados anak mantu.

Wicantenipun Bok Suramenggala, "Mangke kang mbawoni Tentrem kula mawon, dhi."

"Enggih, yu."

"Daweg, ta, sami mbibaraken wong derep, niki wayahe empun sonten."

"Enggih."

Tiyang derep sami dipun ken kendel, angsal-angsalanipun pinocongan lajeng kausung wangsul, ing griya dipun bawoni mara sadasa. Sareng badhe mbawoni Tentrem, Bok Suramenggala wicanten,

[77] *"E, tobil, jebul ponakanku si gendhuk melu derep, rewange sapa, endhuk?"*

"Piyambak mawon, wak."

"Oleh pirang pocong."

"Namung tigang pocong punika, wak."

"Ya wis kalebu rosa ani-ani, ing atase lagi sapisan iki, bisa oleh samono."

"Inggih, wak, angsal pangestunipun si wak. Sanajan boten kulina inggih kula saged-sagedaken, awit ajrih dhateng tiyang sepuh."

"Apa bapake lan emboke padha slamet?"

"Wilujeng, wak."

"Ya wis, gendhuk, muliha, mengko bawonmu dak kon ngeterake mrana."

“Manawi pareng kula nyuwun bawon sapunika kemawon, murih boten dados damelipun si wak.”

“Ora dadi apa, dadi gawe sathithik wis lumrahe karo ponakan dhewe. Karo tutura emboke mengko sore bakda mahrib aku arep mrana.”

[78] “Inggih sampun, wak, kula badhe wangsul.”

“Iya. E, endhuk.”

“Kula.”

“Iki, lo, ketan lan wajik gawanen, lumayan kanggo ngoleh-olehi adhimu.”

“Kesuwun. Sampun, wak kula kalilana wangsul.”

“Iya.”

Dumugi ing griya Tentrem dipun takeni embokipun, “Ya gene gendhuk, kongsi sore temen ora bareng karo kancamu, lan bawone endi?”

“Mila ngantos sonten, kula ngentos bawon, anggen kula derep angsal tigang pocong, nanging dereng dipun bawoni. Kula dipun ken wangsul, mangke uwak Suramenggala kaliyan Bok Singadrana badhe mriki sarta kengkenan ngateraken bawon kula.”

Tentrem lajeng nyariyosaken punapa wontenipun nalika derep saking wiwitan dumugi wekasan.

Embokipun wicanten, “O, la, arep ana dhayoh. Wis ta, gendhuk, mlebuwa pawon, nggodho[79]g wedang, nuli ngreratengana, aku tetebah sajroning omah.”

“Inggih.”

Bok Darmadrana nggraita, dhatengipun Suramenggala lan Bok Singadrana badhe perlu nakekaken anakipun estri. Lajeng manggihi ingkang jaler, sadaya cariyosipun Tentrem sarta panggraitanipun kasanjangaken. Pamanggihipun ki kebayan boten beda kaliyan ingkang estri, manahipun sakalangkung bingah saha muji sukur ing Pangeran, mugi-mugi kaleksanan kados dene panggraitanipun. Mangka saestunipun Darmadrana jaler-estri sampun dangu anggenipun nyunyuwun dhateng Hyang Maha Luhur kepengin gadhah mantu pun Dapa, ing

samangke badhe kasembadan panyuwunipun, raosing manah kados pinaringan nugraha ingkang langkung ageng.

Wanci bakda mahrib tamunipun dhateng, Suramenggala jaler-estri, Bok Singadrana nggendhong angsal-angsal tetedhan warni-warni, sadaya damelanipun piyambak, Dapa ing wingking angrembat bawon tigang pocong kaliyan uwos Jawi tuwin ketos. Inkang gadhah griya jaler estri ngancarani [80] methuk ing latar, lajeng kairid lumebet tata-linggih ing amben ageng mawi gelaran pasir, bebektanipun sampun tinampen, Dapa linggih ing ngandhap pernah wingkingipun Bok Suramenggala.

Boten antawis dangu pasugatan wedang kaladosaken pun Tentrem, sadaya sami medang kasambi gigineman. Bok Suramenggala lajeng masajakaken perlunipun, yen dipun tedha mitulung Bok Singadrana, manawi rujuk badhe ngajak besanan. Kajawi saking punika, sanjang manawi Dapa sampun kapendhet anak pambajeng dening Suramenggala, mila saupami kadadosan ing rembag, ingkang mangku mamanton inggih piyambakipun.

Darmadrana jaler estri langkung jumurung saha sanget panarimahipun, sudi ngukub ngraup anakipun estri. Nunten rerembagan nemtokaken wektuning ijab kadhawahaken ing dinten Sabtu Kliwon wulan Besar. Dene uparengganing mamanton boten kadamel rowa, nanging mbujeng perlunipun kemawon murih boten kakathahan wragad, manawi wonten arta, tinimbang karisak kangge rame-rame, [81] lan angwontenaken rerenggan ingkang tanpa pedah, luwung kasukakaken dhateng larenipun supados kenginga kangge imbet-imbet pawitan pados tedha. Sareng sampun golong ing rembag, tamunipun pamit mantuk, ingkang gadhah griya ngateraken dumugi korining pakarangan.

Kantun kirang sawatawis dinten dumugi wektuning ijab, Suramenggala badhe mangku gadhah damel mantu, katingal ayem kemawon, beda kaliyan tiyang kathah, mawi ribet padamelan, tratag, damel kajeng, nyambat nggentang, ngwontenaken badhe pasugatan, pangangge panganten saha sanes-sanesipun. Nanging Suramenggala namung aken reresik

salebeting griya, latar tuwin pakarangan, murih tiyang ingkang dhateng kondangan manahipun seneng lan sakeca linggihipun, boten mamrih dhateng pangalem tuwin dipun erami ing akathah.

Sareng dumugi ing dinten ingkang katamtokaken, Dapa kaningkahaken kaliyan Tentrem, pindhah nama sepuh Kertareja. Tamu ulem-uleman ingkang dhateng kondangan langkung kathah, sadaya sinugata tuwuk sarta eca-eca, dalah [82] tiyang ingkang sami nglagani nyambut damel tuwin rencang boten wonten kalangkungan.

